# संविधानसभा सदस्य

## निर्वाचन पर्यवेक्षण २०६४

## मैथिलि प्रतिवेदन



आम निर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल

GENERAL ELECTION OBSERVATION COMMITTEE, NEPAL (GEOC)

# आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल

## कार्यसमिति



श्री हिमालय शम्शेर ज.ब.राणा
अध्यक्ष
चुनाव पर्यवेक्षण प्रतिष्ठान (चुप) – अध्यक्ष



श्री कुसुम श्रेष्ठ,
सदस्य
नेपाल कानुन समाज – अध्यक्ष



श्री गोकुल पोखरेल
सदस्य
नेपाल प्रेस इन्स्टिच्युट – अध्यक्ष



श्री उदय नेपाली श्रेष्ठ
सदस्य
ICJ/Nepal – कार्यकारी सदस्य




श्री खगेन्द्रप्रसाद पौडेल
सदस्य
पूर्व कर्मचारी सेवा परिषद् – महासचिव



श्री तीर्थनारायण सुवेदी
सदस्य
नेपाल नागरिक मञ्च – महासचिव



श्री सुनीता रेग्मी
सदस्य
ग्रामीण विकास प्रतिष्ठान – कोषाध्यक्ष



श्री कृष्णमान प्रधान
सदस्य सचिव
नेपाल कानून समाज – कार्यकारी प्रबन्धक

# संविधानसभा सदस्य

## निर्वाचन पर्यवेक्षण २०६४

# मैथिलि प्रतिवेदन

आम निर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल

GENERAL ELECTION OBSERVATION COMMITTEE, NEPAL (GEOC)

## लेखकलोकनि

- श्री शशीकुमार उपाध्याय
- श्री भेषनाथ सापकोटा
- श्री रवीन्द्रनाथ भट्टराई
- श्री विकास घिमिरे

## अनुवादक

- डा. गङ्गाप्रसाद अकेला

# मन्तब्य

नेपाली जनताद्वारा विभिन्न चरणमे कएल गेल संघर्ष, क्रान्ति २०६२-२०६३ के ऐतिहासिक जनआन्दोलनके परिणामस्वरुप सार्वभौमसत्ता आ राजकीयसत्ता पूर्णरुपसँ नेपाली जनतामे निहित भए गेल । जनतामे अन्तर्निहित सार्वभौमसत्ता एकगोट सर्वमान्य माध्यम संबिधानसभाके निर्वाचने अछि । नेपालक राजनीतिक इतिहासमे पहिल बेर सम्पन्न भेल संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन युगान्तकारी महत्व रखैछ । ई चिरपरिचित अवस्था आनएवला असंख्य पूर्वजलोकनि ज्ञात-अज्ञात शहीदलोकनि आ जनआन्दोलनक योद्धासभक योगदान अविस्मरणीय रहत ।

स्वतन्त्र, अखण्ड, सार्वभौमसत्ता सम्पन्न, धर्मनिरपेक्ष, समावेशी चरित्रक संघीय लोकतान्त्रिक गणतन्त्र कार्यान्वयन करब एहि संविधानसभाक ऐतिहासिक जिम्मेवारी अछि । एहि संबिधानक स्वामित्व नेपाली जनतामे निहित होएबाक चाही, सब नेपालीके आत्माके आवाज होएवाक चाही । एहि आधारभूत मान्यताके मूर्तरूप देवाक दायित्व वहन करवाक लेल संविधानसभाके पर्यवेक्षण करवाक अभिभाराके आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल एकटा सुवर्ण अवसरके रुपमे स्वीकार कएलक आ पर्यवेक्षण करबाक निर्णय कयलक ।

नेपाल कानुन समाज, इन्टरनेशनल कमीशन अफ जुरिस्ट नेपाल, पूर्व कर्मचारी सेवा परिषद्, चुनाव पर्यवेक्षण प्रतिष्ठान, नेपाल प्रेस इन्स्टीच्यूट, नेपाल नागरिक मञ्च तथा ग्रामीण विकास प्रतिष्ठान सहित सात प्रतिष्ठित बिभिन्न गैरसरकारी संस्थाक संजालसँ ३५ गोट राष्ट्रीय, ३५ गोट जिल्लास्तरीय, ७० गोट निर्वाचन क्षेत्रस्तरीय, ४० गोट नगरस्तरीय आ ७०० गाविस स्तरीय पर्यवेक्षकलोकनिद्वारा ३५ जिलाक ७० निर्वाचन क्षेत्रक पर्यवेक्षण कए पर्यवेक्षणक निष्कर्ष आ सुझावक समावेश कए ई अन्तिम प्रतिवेदान प्रकाशित कएल गेल अछि । एहि प्रतिवेदनमे नेपालमे संवधानसभाक वीजारोपण आ संविधानसभाक लेल भेल आन्दोलनक विकासक्रम, संविधानसभा सदस्य निर्वाचनक प्रयोजनार्थ नेपालक अन्तरिम संविधान, २०६३ मे रहल संवैधानिक प्रावधान, निर्वाचनसँ सम्वन्धित अन्य ऐन, कानून, नियम आ आचारसंहिता सन निर्वाचन सम्पन्न करैतकालक आवश्यक सामग्रीसभक सम्बन्धमे छोट जानकारी प्रस्तुत करवाक कयल गेल अछि ।

परिच्छेद-४ मे हमारा लोकनिद्वारा पर्यवेक्षण कयल गेल पैंतीसो जिलासँ प्राप्त विविध विवरण प्रस्तुत कएल गेल अछि । ओहि परिच्छेदके अन्तमे ओहि जिल्लासभक निर्वाचन अन्तमे ओहि जिलाक निर्वाचन वातावरण सारांश तालिका प्रस्तत कएल गेज अछि । समग्र संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन-दिन शान्तिमय रहलोपर पहिनेक आमनिर्वाछनसमक तुलनामे शान्तिसुरक्षाक स्थिति कमजोर रहल छल, राजनीतिक हिंसा वेशी भेल, आचारसंहिताक उल्लंघन वेशी भेल आ अधिकांश निर्वाछनक्षेत्रमे कोनो एक दलक प्रभाव वा वर्चस्व रहल यथार्थ उजागर होइछ । एहि प्रकार अवाच्छनीय प्रवृतिप्रति सरोकार रखनिहार सबके सचेत होएब जरुरी देखल गेल अछि ।

संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन पर्यवेक्षण कएनिहार हमरासमक अभियानमे एहि समितिक सदस्य–सचिव श्री कृष्णमान प्रधान, कार्यक्रम संयोजक श्री विकास घिमिरे, कार्यकारिणी समितिक

सब सदस्यलोकनि आ सब स्तरक पर्यवेक्षक लोकनिकेँ विशेष धन्यवाद देवए चाहैत छी । ई प्रतिवेदन आ प्रारम्भिक प्रतिबेदान लेखन कार्यमे प्रशंसनीय मेहनत करैत संलग्न रहनिहार उपप्राध्यापकद्वय श्री भेषनाथ सापकोटा, श्री रवीन्द्र नाथ भट्टराई, अधिवक्ता श्री शशिकुमार उपाध्याय, श्री विकास घिमिरे, भाषा सम्पादन कएनिहार श्री फणिन्द निरौला संगे कम्प्यूटर टाइप कए प्रतिवेदन डिजाइन कएनिहार श्री भवानी कायस्थके सेहो धन्यवाद ज्ञापन करैत छी । चारिम वेर विभिन्न स्तरक पर्यवेक्षक सहकर्मीसभक साथे कन्हा मिलाकए निर्वाचनक सब चरणमे सहभागी रहल क्षण हमरालेल स्मरणीय रहत । उमेरक कारण आगामी निर्वाचनमे सक्रिय रुपसे सहभागी होएब शायद हमरालेल सम्भव नहि होएत । हमरासमक संगीसके निर्वाचन पर्यवेक्षण करवाक अनुमति प्रदान कए आवश्यक जानकारी उपलब्ध कराकय सहयोग करयवला निर्वाचन आयोग, गृहप्रशासन, जिला निर्वाचन अधिकृत, राजनीतिक दल, उमेदवार, पर्यवेक्षक, पत्रकार, नागरिक समाजसहित सम्पूर्ण प्रति आभारसाथ धन्यवाद व्यक्त करैत छी ।

निर्वाचन पर्यवेक्षण कार्य आ प्रतिवेदन प्रकाशान करबाक लेल आर्थिक सहयोग प्रदान कएनिहार कनाडियन सहयोग नियोग, नर्वेजियन राजदूतावास आ डेनिस राजदूतावासके संस्थागत रुपसँ आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपालक तरफसँ हार्दिक धन्यवाद दैत छी । आम निर्वाचन पर्यवेक्षण समिति (GEOC) क लेल सचिवालय स्थापनार्थ सहयोग उपलब्ध करौनिहार नेपाल कानून समाजक अध्यक्ष वरिष्ठ अधिवक्ता श्री कुसुम श्रेष्ट जीप्रति विशेष आभार प्रकट करैत छी । एहि कार्यक्रमके अधिकृतद्वय श्री सुजन लोप्चन, श्री सुभाष पौडेल, लेखा अधिकृत श्री गणेशमान प्रधानके सेहो धन्यवाद दैत छी । एहि सचिवालयक कर्मचारी श्री सञ्जय श्रेष्ट, श्री कबिता शाह, श्री सरिता रिजाल आ श्री माया थापाके सहयोग सेहो प्रशंसनीय अछि । हमारासभक एहि सत्कार्यमे परोक्ष, अपरोक्ष रुपमे मन, वचन एवं कर्मसँ सहयोग करवाक शुभेच्छा रखनिहार सब स्वदेशी आ विदेशी महानुभाव लोकनिप्रति सेहो हार्दिक कृतज्ञता ज्ञापन करैत छी ।

२०६५, आषाढ

हिमालय शम्सेर ज.ब.रा

अध्यक्ष

आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल

## आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति (जियोक): एक सञ्जाल

आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल (जियोक) सात विभिन्न गैरसरकारी संस्था सभक सञ्जाल अछि । जाहिमे नेपाल कानुन समाज, इन्टरनेशनल कमीशन अफ जुरिस्ट–नेपाल, पूर्वकर्मचारी सेवा परिषद्, चुनाव पर्यवेक्षण प्रतिष्ठान, नेपाल प्रेस इन्स्टीच्यूट, नेपाल नागरिक मञ्च तथा ग्रामीण विकास प्रतिष्ठान संस्थागत सदस्य अछि । ई सञ्जाल २०४८, २०५१ आ २०५६ के प्रतिनिधिसभा सदस्य निर्वाचन तथा २०४९ आ २०५४ के स्थानीय निर्वाचन के सेहो पर्यवेक्षण कएने छल ।

२०६४ चैत २८ गते के संविधानसभा सदस्य निर्वाचन पर्यवेक्षणकार्यमे स्वतन्त्र बुद्धिजीवी, प्राध्यापक, कानूनविद्, समाजसेवी, पूर्वराजदूत, संयुक्त राष्ट्रसंघीय संगठनसमक पूर्वप्रतिनिधि आ मानवअधिकारवादी सभक सहभागिता छल ।

## सञ्जालक उदेश्य तथा पर्यवेक्षण विवरण

संविधानसभा सदस्य निर्वाचन स्वतन्त्र, निष्पक्ष,भयरहित आ धौधनीरहित भेल कि नहि ताहि सम्बन्धमे स्वतन्त्र प्रतिवेदन सार्वजानिक केनाइ एहि सञ्जालक मुख्य उदेश्य अछि । एहि सञ्जालमे ८ व्यक्तिक कार्यसमिति, ५ सदस्यीय सचिवालय, ३५ सदस्यीय जिला पर्यवेक्षक, ७० निर्वाचन क्षेत्र पर्यवेक्षक, ४० नगर स्तरीय पर्यवेक्षक आ ७०० गाविस स्तरीक पर्यवेक्षक सहित कुल ८८० व्यक्तिक सांगठनिक संरचना अछि । प्रत्येक जिलाक २०-२० गोट गाविस/नगर पर्यवेक्षकसबकेँ ३५ निर्वाचनक्षेत्र स्तरक २ गोट पर्यवेक्षक अन्तर्गत रहबाक व्यवस्था कएल गेल छल । केन्द्रमे रहल ३५ गोट राष्ट्रीय पर्यवेक्षकसबकेँ ३५ जिल्लामे १-१ गोटेके हिसाबसँ खटाओल गेल छल । एहि प्रकार जियोकके सञ्जालके मन्दिर शैलीमे परिचालन कए संरचनागत संगठन निर्माण कएल गेल छल ।

## पर्यवेक्षकसबके तालीमके व्यवस्था

जियोकके राष्ट्रीय आ जिला पर्यवेक्षकसभक लेल केन्द्रमे तालीमके व्यवस्था कएल गेल छल । तालीममे निर्वाचन आयोगक विशेषज्ञलोकनि, संविधानविदलोकनि निर्वाचन कानूनक ज्ञाता आ राजनीतिशास्त्रक प्रध्यापक लोकनिकँ समावेश कएल गेल छल । तालीम कार्यक्रममे संविधानसभा सदस्य निर्वाचन पर्यवेक्षण निर्देशिका, २०६४ प्रशिक्षण सामग्रीके रुपमे वितरण कएल गेल छल। जिलाके सथानीय पर्यवेक्षकसब निर्वाचन क्षेत्र पर्यवेक्षक आ गाविस/नगर पर्यवेक्षकसबके जिलाके सदरमुकाममे तालीमके व्यवस्था कएल गेल छल ।

## प्रश्नावलीद्वारा पर्यवेक्षण विवरण संकलन

पर्यवेक्षण कार्यक अभिलेख प्रश्नावलीके रुपमे प्रयोग कए जिलामे भेल घटना सबके टिपोट करैत तैयार कएल गेल छल । अन्तरवार्तामे निम्नानुसारक प्रश्नावलीके प्रयोग कएल गेल छल:(१) मतदाताके पुछवला प्रश्नावली, (२) मतदान अधिकृतके पुछएवला प्रश्नावली, (३) मतदानकेबाद राजनीतिक कार्यकर्ता सवके पुछएवला प्रश्नावली,(४)मतगणना पर्यवेक्षण फारम आ (५) निर्वाचन सम्बन्धमे पर्यवेक्षकद्वारा भरएवला प्रश्नावली ।

## मतदाताके चेतनास्तर

पर्यवेक्षण कएल गेल अधिकांश जिलासभक (६०%) मतदातासबके चेतनाक स्तर उच्च छल । किछु जिलासभक (२७%) मतदाताके चेतना स्तर मध्यम प्रकारक छल त कमे जिलासभक (१२%) मतदातासभक चेतनाक स्तर न्यून छल ।

## मतदाताके प्रतिबद्धता

पर्यवेक्षकण कएल ३५ जिला सबमे अधिकांश जिलासबमे (७३%) जिलाके मतदातासभक निर्वाचनप्रतिके प्रतिबद्धता उच्च छल । किछु जिलाक (१४%) मतदातासभक प्रतिबद्धताके स्तर मध्यम प्रकारक छल ।

## मतदान केन्द्रक व्यवस्थापन

अधिकांश जिलाके (३०%) मतदान केन्द्रमे उच्चस्तरीय व्यवस्थापन कएल गेल छल । किछु (२०%) मतदान केन्द्रक व्यवस्थापन सामान्य प्रकारसँ कएल गेल छल । किछु (१२%) मतदान केन्द्रक व्यवस्थापनप्रति मतदाताके शिकायत छल । मतदानके लेल दूर जाएवला वृद्ध, वृद्धा अपाङ्ग अशक्तसबके मतदानके लेल प्राथमिकता नहि देल गेल शिकायतसब सेहो आएल छल ।

## आचारसंहिताक पालन

अधिकांश (९२%) स्थानसबपर आचारसंहिताके पूर्ण पालन नहि भेल छल । देवाल मे लिखनाई, प्रवेशद्वार निर्माण, दलसभक लोगोसहितके पोशाकके प्रयोग, सवारी साधनके दुरुपयोग, निर्धारित कएल गेलस बेशी खर्च करएसन बातसब आचारसंहिताक उल्लंघनक प्रमुख कारण छल ।

## शान्तिसुरक्षाक स्थिति

संविधानसभा सदस्य निर्वाचनमे शान्तिसुरक्षाके स्थिति दलसभक समझदारी आ निर्वाचनप्रतिके प्रतिबद्धताके कारण स्थापित भेल छल । तराईमे संघर्षरत सशस्त्र समूहके सुरक्षाकर्मीके परिचालन कए निष्क्रिय बनाओल गेल छल । अन्य स्थानमे सुरक्षाकर्मीक उपस्थिति सांकेतिक आ

मनोवैज्ञानिक असर देवए प्रकारक मात्र छल । तइओ निर्वाचनविपरीत कोनो घटना घटलापर घुम्तीटोली सहितक सुरक्षाकर्मी परिचालन कए शान्तिसुरक्षाक व्यवस्था कएल गेल छल ।

## राजनीतिक हिंसांक अवस्था

राजनीतिक दलक कार्यकर्तासभक बीचक विवाद, सामान्य झडप, हाथापाई, हथियारक प्रयोग आ मानवहत्या (क्षति) तकके घटनासब भेल छल । मतदानके बक्सा फेकवाक, मतपत्रपर पाइन उझलबाक, बक्सापर पत्थर मारवाक, निर्वाचन धरि स्थगित करबाक गतिविधिसब किछु (०.९९%) स्थानसबपर भेल छल । राजनीतिक दलसमक प्रभाव अपन–अपन प्रभाव रहल देखलोपर निर्वाचन सम्पन्न भेल छल ।

तराईमे मधेशवादी दलसभक प्रभाव हावी छल त माओवादीके प्रभाववला जिलासबमे मावोवादीक प्रभाव हावी छल । अन्य दलक प्रतिनिधि, पर्यवेक्षकसब, उमेदवारसब प्रभावी दलक सम्मुख नतमस्तक आ प्रभावहीन देखल गेल छल । नेकपा माओवादी अई मामलामे अग्रस्थानमे छल । संविधानसभा निर्वाचनक एजेन्डा माओवादी १२ वर्ष धरि संघर्ष कएलापर स्थापित करौने छल । मरदातासबके ठोसप्रकारक शान्तिसुरक्षाके आकांक्षा, माओवादीस परिवर्तनक आशा होएवाक कारण अधिकांश (७१%) जिलासभक निर्वाचनमे माओवादीक प्रभाव हानी छल आ धाँधलीरहित निर्वाचन भेल छल ।

मतदाता सम्बन्धी प्रश्नावली मे जम्मा ४५१४ गोटे उत्तर देने छल । मतदान अधिकृत सम्बन्धी प्रश्नावलीमे २६०७ गोटे मतदान अधिकृत उत्तर देने छलाह । मतदान पश्चात् राजनीतिक कार्यकर्ता सम्बन्धी प्रश्नावलीमे ३१२० गोटे उत्तर देने छल । पर्यवेक्षकसँ प्राप्त विवरण सम्बन्धी प्रश्नावलीमे १०३४ गोटे उत्तर देने छल । एहि तरहे कुल ११२७५ गोट उत्तरदातासँ पर्यवेक्षण विवरण संकलन कएल गेल छल । प्रश्नावलीसभसं प्राप्त विवरणके कोडीङ कए एक्ससेल कम्प्युटर विधिक प्रयोगद्वारा तथ्यांकक विश्लेषण कएल गेल छल । विश्लेषण कएल तथ्यांकक विभिन्न तालिका आ रेखाचित्रमे प्रस्तुत कएल गेल अछि । स्थानीय पर्यवेक्षकसं प्राप्त विश्लेषणात्मक विवरणके अलग–अलग जिला प्रतिवेदनके रुपमे प्रस्तुत कएल गेल अछि ।

## मतदाता सम्बन्धी विवरण

मतदाता सम्बन्धी विवरण ४५१४ मतदातासँ बहुउत्तर प्रश्नावलीके प्रयोग कए लेल गेल छल । सबस बेशी उत्तरदाता कैलाली जिलामे २४७ व्यक्ति (५.५%) छल त सबस कम ६१ व्यक्ति (१५%) सिरहा जिलामे छल । उत्तरदाता सबके शहर आ गामके आधारपर वर्गीकरण कएलापर ५.२% उत्तरदाता ग्रामीण बस्ती के छल त १२.१% शहरी बस्तीके मतदाता छल । अधिकांश मतदातासब (९६.९%) मतदानके प्रकिया मालूम भेल बात बतौने छल त किछु (२ .२%) मतदान प्रकिया सम्बन्धमे कोनो जानकारी नहि भेल बतौने छल । बेशी मतदाता (४९.२३%) संविधानसभा सदस्यके निर्वाचनके जानकारी संचारमाध्यमसँ प्राप्त भेल बतौने छल । दलसबद्वारा जानकारी प्राप्त कएनिहार संख्या सेहो उल्लेख्य(३५.८४%) छल ।

## विगतके निर्वाचन आ वर्तमान निर्वाचनमे फरक

मतदासतासबके विगतके प्रतिनिधिसभा सदस्यक निर्वाचनसब, स्थानीय निर्वाचन आ संविधानसभा सदस्यक निर्वाचनमे की सब फरक छल, से कहि कए अन्तवार्ता लेल गेल छल । अधिकांश मतदाता (४०.१६%) येहि बेरके मतदान प्रक्रिया अलग प्रकारक बतौने छल । ओकरबाद मतपत्र पहिनेके अपेक्षा अलग प्रकारक कहएबला ३५.५५% छल । राजनीतिक दलसबके प्रचार-प्रसारके शैली अलग–अलग कहएबला सेहो उल्लेख्य (१३.१५%) छल । मतदातासबके संविधानसभा सदस्य निर्वाचन की–की प्रभाव दैत अछि? पुछलापर बहुसंख्यक उत्तरदाता (५७.४८%) जनताके अधिकार सुरक्षित करवाक बात बतौने छल । ओकरबाद २८.५५% राजनीतिक द्वन्द्व के अन्त होएबाक बात बतौने छल । किछु मतदातालोकनि (१०.४६%) अई निर्वाचनस देशमे आर्थिक उन्नति होएबाक बात बतौने छल ।

## निर्वाचानक निष्पक्षता

अधिकांश (७५%) मतदाता निर्वाचन निष्पक्ष होएत से कहने छल । कमे मतदाता (६.३३%) निर्वाचन निष्पक्ष नहि अछि, से कहने छल त किछु गोटे (१७.३२%) मालुम नहि अछि, से जबाब देने छल ।

## निर्वाचनमे डर,त्रास एंव लोभ–लालच

अधिकांश मतदातालोकनि (९२.४९%) संविधानसभा सदस्य निर्वाचनमे मतदातासबके कहीं केओ नहि डर,त्रास, लोभ–लालच देखएबाक बात बतौने छल । किछु मतदातालोकनि (५.८९%) राजनीतिक दलसबके दिशसँ डर, त्रास, लोभ–लालच देखएबाक बात बतौने छल ।

## निर्वाचनप्रति प्रेरणा

मतदातासबसँ संविधानसभा सदस्य निर्वाचनमे भोट देवाक प्रेरणा कहासँ प्राप्त भेल पुछलापर जबाबमे संचारमाध्यम–(३४.५४%) बतावएवला प्रथम स्थानमे छल । ओकरबाद क्रमश: राजनीतिक कार्यकर्तासँ (२८.५७%),प्रचार–प्रसार सामाग्रीसँ (१९.९२%) परिवारसँ (१३.१६%) आ गैरसरकारी संस्थासँ (४.२२%) निर्वाचनमे प्रेरणाक श्रोत रहल बतौने छल । कमे मतदातालोकनि (०.४१%) एकर अतिरिक्त अन्य श्रोतसँ निर्वाचनमे मतदान करवाक प्रेरणा पएबाक बात बतौने छल ।

## मतदान अधिकृत सम्बन्धी विवरण

संविधानसभा सदस्य निर्वाचन मे खटल ३५ जिलाके मतदान अधिकृत सबसँ निर्वाचन सम्बन्धी अन्तरवार्ता लेल गेल छल,जाहिमे कुल २६०७ अधिकृत समावेश छलाह । सबस वेशी अन्तर्वार्ता (६.३%) कैलाली जिलाके मतदान अधिकृत सबसँ गेल लेल छल आ कम अन्तर्वार्ता (०.५%) मुगु जिलाके मतदान अधिकृत सबसँ लेल गेल छल ।अन्तर्वार्ता ८४% गामसँ आ १४.८% शहरी क्षेत्रसँ

संकलन कएल गेल छल । मतदान अधिकृतसँ मतदान संकलनके अनुभव सम्बन्धमे प्रश्न कएलापर अधिकांश (८६.४५%) आसानी बतौने छलाह । मतदान कार्य आसान नहि होएबाक कारण पुछलापर कमे अधिकृतसब(२१.१४%) मतदाता सूचीमे नाम, उमेर आ आन बात नहि मिललाक कारण आसानी नई होएबाक बात बतौने छलाह । किछु गोटे (१९.१२%) सुरक्षा व्यवस्थामे कमी होएबाक कारण मतदान कार्य आसान नहि भेल बतौने छलाह । तकरबाद क्रमश: मतदाता सबमे मत देवाक प्रक्रियाप्रति ज्ञानके अभाव (१३.०८%), मतदाता बीच आपसी विवाद (११.७४%), प्रशिक्षित कर्मचारीके कमी (७.०४%),स्वयं सेवकसँ असहयोग (६.७१%) आ मसलन्दके कमी (४.६९%) मुख्य छल ।

अधिकाशं,मतदान अधिकृत (७४.६४%) निर्वाचन ठीक होएबाक अनुभव बतौने छलाह । त कम गोटे (२२.१७%) निर्वाचन कार्य सन्तोषप्रद नहि होएबाक बात बतौने छलाह । किछु गोटे (१.८४%) निर्वाचन कार्य पहिनहि जकाँ सामान्य रहल बतौने छलाह । मतदान अधिकृत सबके राजनीतिक दल सबसँ केहन सहयोग प्राप्त भेल छल पुछलापर अधिकाशं गोटे (६४.२७%) सब दलसँ नीक सहयोग पएबाक बात बतौने छलाह त (१७.५६%) सर्वपक्षीय सहयोग प्रभावकारी रहल बतौने छलाह । मतदान कार्य सहज आ सरल होएमे निर्वाचनमे खटल कर्मचारीके नेतृत्वमे राजनीतिक दलसबके स्वयंसेवक आ प्रतिनिधिसब निर्वाचन अगाडि बैठक कए सर्वसहमतिके आधारपर मतदाता नामावलीमे भेल कमी,कमजोरी सम्बन्धमे छलफल कए समाधानक पहचान कएने छलाह । निर्वाचन कार्यालय द्वारा मतदाताके नाम आ नम्बर पहिनहि उपलब्ध करएबाक कारण मतदान कार्यमे आसानी भेल छल । कमे गोटे (८.०८%) शान्तिसुरक्षाके व्यवस्थासँ सहयोग प्राप्त होएबाक बात बतौने छलाह ।

अधिकाशं मतदान अधिकृत (५२.३३%) दलसबद्वारा आचारसंहिता उल्लंघन भेल बतौने छलाह । किछु गोटे (१५.८८%) उम्मेदवार द्वारा आचारसंहिता उल्लंघन भेल बतौने छलाह त कमे गोटे (४.६७%) पर्यवेक्षकसब द्वारा आचारसंहिता उल्लंघन भेल बात अन्तर्वार्ताके क्रममे बतौने छलाह ।

## राजनीतिक कार्यकर्ता सम्बन्धी विवरण

३५ जिलाके कुल ३१२० राजनीतिक कार्यकर्तासँ अन्तवार्ता लेल गेल छल । जइमे सबस बेशी सुर्खेत जिलामे ७.४% छल त सबस कम मुगु जिलामे ०.४% राजनीतिक कार्यकर्ता अन्तर्वार्तामे उत्तरदाताके रुपमे संलग्न छल । अधिकांश राजनीतिक कार्यकर्ता९६.९८%) निर्वाचन प्रक्रिया सम्बन्धमे जानकारी होएवाक बात बतौने छलाह त बहुत कमे (१.१८%) समग्र निर्वाचन प्रक्रिया सम्बन्धमे जानकारी नहि रहबाक बतौने छल । अधिकांश राजनीतिक कार्यकर्ता (८७.६२%) निर्वाचन निष्पक्ष, स्वतन्त्र आ भयरहित भेल बतौने छलाह त किछु गोटे (८.४९%) निर्वाचन निष्पक्ष, स्वतन्त्र आ भयरहित नहि रहल बतौने छल । बेशी राजनीतिक कार्यकर्ता सब (३९.७२%) के विचारमे प्रचार–प्रसारके काम आचारसहिता विपरीत भेल छल त किछु गोटे (२२.९७%) मतदाता सूची तैयार करवाक काम अधूरा रहवाक कारण निर्वाचन निष्पक्ष नहि भेल बतौने छल । कमे गोटे (१६.४८%) सीमास बेशी पैसा खर्च भेलास निर्वाचन निष्पक्ष नहि भेल बतौने छल । बेशी (३३.९९%) उत्तरदाता राजनीतिक दलसब धाँधलीके लेल जिम्मेवार बतौलन्हि त किछु गोटे (२३.१२%) उमेदवार आ ओकर समर्थकसब धाँधलीके लेल जिम्मेवार बतौने छल ।

किछु गोटे (१५.८१%) सरकार आ सुरक्षा निकायके कारण धाँधली भेल बतौने छल । संविधानसभा सदस्यके निर्वाचनमे भाग लेलाके बाद विभिन्न राजनीतिक दलके कार्यकर्ता सबस नीक लागल खास बातसब उल्लेख करबाक सम्बन्धमे जानकारी लेल गेल छल । शान्तिपूर्ण निर्वाचन भेल, उत्साहजनक आ सोचसँ नीक सहभागिता भेल, सर्वदलीय सहमतिसँ आपसी समझदारी कायम भेल, से निर्वाचनके नीक पक्ष छल बतौने छल ।

## मतदान केन्द्रक अनुकूलता/प्रतिकूलताक अवस्था

लगभग ९२% लोक अनुकुल स्थानपर भेल बतौनहि त ७% प्रतिकुल स्थानपर भेल बात मतदाता सब पर्यवेक्षक सबके बतौने छलाह । मतदान केन्द्रक व्यवस्थापन लेल सुरक्षा व्यवस्था,तारबार वा छेका लगाएवाक सम्बन्धमे पुछलापर ८३% मतदान केन्दके सुरक्षाप्रबन्ध मिलल बतौलनि त १५% कोनो व्यवस्था नहि रहल पर्यवेक्षकके बतौलनि । अधिकांश पर्यवेक्षक ९४% पंक्तिबद्द रुपमे मतदान करवाक बात बतौलनि । अधिकाँश पर्यवेक्षक (९४.५%) निर्वाचन स्थल भीतर निर्वाचन सम्पन्न कोठरीमे निर्वाचन अधिकृत, सहायक आ स्वयंसेवीके लेल टेबुल,कुर्सी मत देववला गोप्य कोठरी तथा मतपेटीके रखवाक व्यवस्था रहल बतौलनि । मतदान केन्द्रके २०० मीटर आसपास आचारसंहिताके पालन सम्बन्धमे पुछलापर अधिकांश पर्यवेक्षक (८३.४६%) ओहि क्षेत्रमे आचारसंहिता पालन नहि भेल बतौलनि । लगभग ३०%पर्यवेक्षक निर्वाचन स्थलपर सुरक्षाकर्मीके अवस्था सन्तोषजनक रहल बतौलनि त लगभग २४% सामान्य रहल आ करीब १% सुरक्षाकर्मीके व्यवस्था ठीक नहि रहल बतौलनि ।

मतदान दिन मतदाताके आबजाएके लेल कएल सुरक्षा व्यवस्था ठीक रहल बात लगभग ८३% पर्यवेक्षक बतौलनि त १३% तेहन ठीक नहि रहल बतौलनि । अधिकांश मतदाता (९२.६२%) निर्वाचनस्थल भीतर पहुँचएमे कोनो कठिनाई नहि भेल बतौलनि त लगभग २% पर्यवेक्षक प्रवेशपर रोक लगाओल बात बतौलनि । तहिना (३.२९%) पर्यवेक्षकके पाछा मात्र प्रवेशज्ञा देवाक बात बतौलनि । अधिकांश केन्द्र सब (९७.१०%) ७ बजे खुलि गेल छल त १३ मतदान केन्द्र (१.२६%) ८ बजे मात्र खुलल छल ।

## मतदान प्रक्रियाक विवरण

अधिकांश पर्यवेक्षक (८५%) निर्वाचन प्रकियाके आरम्भ आ मतदानके बक्साके अवलोकन कएल बतौलनि त करीब ९% अवलोकन नहि कएल बतौलनि आ लगभग ६% कोनो उत्तर नहि देलनि । मतपेटीमे लगाओल सुरक्षा सीलक अवलोकन तथा सील नम्बर प्रदान करवाक सम्बन्धमे अधिकांश पर्यवेक्षक (८७.०४%) अवलोकन तथा सील नम्बर देल बतौलनि त (८.३२%) अवलोकन नहि कएल आ लगभग (४.६४%) कोनो उल्लेख नहि कएलनि । किछु मतदातासब मतदातासूचीमे नाम नहि भेलापर घुरि गेल छलाह । किछु अपाङ्ग आ अशक्त प्राथमिकता साथ मतदानमे भाग लेलक त किछु प्राथमिकता नहि पओलक । लगभग ९८% मतदाता गोप्य तरीकासँ छाप लगाकए मतदान करवाक बात बतौलनि त (२.५१%) मतदान प्रक्रियामे गोप्य

तरीकासँ छाप लगाएबाक स्थिति नहि छल बतौलनि । तहिना(२.७%) किछु नहि उल्लेख कएलनि ।

अधिकांश पर्यवेक्षक (९३.२३%) मतदान कोठरी भीतर अनधिकृत समूहके व्यक्तिके उपस्थिति नहि होएबाक बात बतौलनि त (२.६१%) अनधिकृत व्यक्ति वा समूहके उपस्थिति होएवाक बात बतौलनि । लगभग (८.८%) अपन नाम नहिओ भेलापर मतदानमे भाग लेवाक बात बतौलनि । किछु मतदाता मतदानक प्रक्रियामे लाइनमे लाइग नाम मिललापर मतपत्र बुझलनि मुदा गोप्य मतदान केन्द्रमे दोसरे व्यक्ति छाप लगवैत छल से बतौने छल ।

## एकटाके नाम दोसरके (प्रोक्सी) मत

कुल १०३४ उत्तरदातामे २२४(२१.७७%) मतदातासुचीमे रहल अपन नामपर दोसरे व्यक्ति द्वारा भोट खसएबाक बात बतौलनि । लगभग ५२ व्यक्ति अर्थात ५% उत्तरदाता चुनाव प्रक्रिया कोनो असहज परिस्थितिके कारणस अवरुद्ध भेल बतौलनि । लगभग ५% उत्तरदाता ५ बजेके बादो मतदान प्रक्रियामे भाग लेवाक लेल पंक्तिबद्ध भए बैसल छलाह । अधिकांश उत्तरदाता ८६% बक्सामे सीलबन्दी करैत काल अवलोकन कराओल गेल आ सील नम्बर उपलब्ध कराओल गेल बात बतौलनि ।

# विषयसूची


परिच्छेद १ सञ्जालक संरचना आ कार्यक्रम

| | | |
|---|---|---|
| १.१ | परिचय | १ |
| १.२ | सञ्जालक उद्देश्य | २ |
| १.३ | संजालक सांगठनिक स्वरूप | २ |
| १.४ | संजालक दायित्व | २ |
| १.५ | संजालक सचिवालय | ३ |
| १.६ | संजालक कार्यक्रमसब | ३ |

परिच्छेद २ पर्यवेक्षण विधि

| | | |
|---|---|---|
| २.१ | पर्यवेक्षणके आवश्यकता आ महत्व | ५ |
| २.२ | पर्यवेक्षकके विवरण एवं कार्यक्षेत्र | ५ |
| २.३ | पर्यवेक्षण प्रतिवेदन तयारी पद्धति | ६ |

परिच्छेद ३ संविधानसभा सम्बन्धी कानूनी समीक्षा

| | | |
|---|---|---|
| ३.१ | संविधानसभाक विकासक्रम | ७ |
| ३.२ | संविधानसभाके पृष्ठभूमि | ८ |
| ३.३ | नेपालक अन्तरिम संविधान, २०६३ | ९ |
| ३.४ | संविधानसभा सदस्य निर्वाचन ऐन, २०६४ | ९ |
| ३.५ | संविधानसभा सदस्य निर्वाचन नियमावली, २०६४ | ९ |
| ३.६ | निर्वाचन (कसुर आ सजाय) ऐन, २०६३ | ९ |
| ३.७ | निर्वाचन आयोग ऐन, २०६३ | १० |
| ३.८ | मतदाता नामावली सम्बन्धी ऐन, २०६३ | १० |
| ३.९ | मतदाता नामावली सम्बन्धी नियमावली, २०६३ | १० |
| ३.१० | राजनीतिक दल दर्ता (निर्वाचन प्रयोजन) नियमावली, २०६३ | १० |
| ३.११ | संविधानसभा सदस्य निर्वाचन आचारसंहिता, २०६४ | ११ |
| ३.१२ | संविधानसभा अदालत ऐन, २०६४ | १२ |

परिच्छेद ४ जिला पर्यवेक्षण प्रतिवेदन

| | | |
|---|---|---|
| ४.१ | झापा | १३ |
| ४.२ | मोरङ | १३ |
| ४.३ | सुनसरी | १४ |
| ४.४ | धनकुटा | १५ |
| ४.५ | उदयपुर | १६ |
| ४.६ | संखुवासभा | १७ |
| ४.७ | सप्तरी | १७ |

४.८ सिराहा १८
४.९ धनुषा १८
४.१० दोलखा १९
४.११ चितवन १९
४.१२ मकवानपुर २०
४.१३ ललितपुर २१
४.१४ काभ्रे २१
४.१५ धादिङ २२
४.१६ सिन्धुपाल्चोक २२
४.१७ नुवाकोट २३
४.१८ तनहुँ २३
४.१९ गोरखा २३
४.२० स्याङ्जा २४
४.२१ कास्की २४
४.२२ नवलपरासी २५
४.२३ रुपन्देही २६
४.२४ पाल्पा २६
४.२५ अर्घाखाँची २७
४.२६ बाग्लुङ २७
४.२७ दाङ २८
४.२८ बाँके २९
४.२९ सुर्खेत २९
४.३० जुम्ला ३०
४.३१ मुगु ३०
४.३२ कैलाली ३१
४.३३ बझाङ ३१
४.३४ कञ्चनपुर ३२
४.३५ डडेलधुरा ३२
पर्यवेक्षण जिलासभक निर्वाचन वातावरण सरांश तालिका ३४

परिच्छेद ५ निष्कर्ष तथा सुझाव
५.१ निष्कर्ष ३९
५.२ सुझाव ४०
५.२.१ राजनीतिक दल, उम्मेंदवार ४०
५.२.२ निर्वाचन आयोग ४०
५.२.३ राज्य ४१
५.२.४ नागरिक समाज ४२
५.२.५ सञ्चार जगत ४२
५.२.६ पर्यवेक्षण संस्था आ पर्यवेक्षक ४२

परिच्छेद १

# सञ्जालक संरचना आ कार्यक्रम

## १.१ परिचय

नेपालमे सम्पन्न होएबला निर्वाचनके स्वतन्त्र, निष्पक्ष,धाँधलीरहित वातावरणमे सम्पन्न करवामे सहयोग पहुँचएवाक लेल आ ताहि अनुरुप होएवाक/नहि होएबाक पर्यवेक्षण करवाक उदेश्यसँ गठित आम निर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल (General Election Observation Committee, Nepal, GEOC) नेपालमे सक्रिय रहल विभिन्न गैरसरकारी संस्थासभक सञ्जाल अछि । एहिमे नेपाल कानून समाज इन्टरनेशनल कमीशन अफ जुरिस्ट/नेपाल, पूर्वकर्मचारी सेवा परिषद् चुनाव पर्यवेक्षण प्रतिष्ठान,नेपाल प्रेस इन्स्टीचयूट, नेपाल नागरिक मञ्च आ ग्रामीण विकास प्रतिष्ठान संस्थागत सदस्य अछि । ई सञ्जाल तथा एकर सदस्य संस्थासब २०४७ साल बाद सम्पन्न प्रतिनिधिसभा सदस्यक निर्वाचन २०४८, २०५१ आ २०५६ संगे स्थानीय निकाय निर्वाचन २०४९ आ २०५४ के राष्ट्रीय, जिला आ स्थानीय स्तरपर पर्यवेक्षण कए सम्वन्धीत निकायमे सुझाव सहित प्रतिवेदन देवाक बात सार्वजनिक कएने छल । संविधान सभा सदस्यक निर्वाचनके लेल आवश्यक कानूनके निर्माण करवाक क्रममे जियोकमे विगतके निर्वाचन पर्यवेक्षण प्रतिवेदनमे उल्लेख कएल गेल सुझाव सब सेहो समावेश कएल गेल अछि ।

अई संस्थासँ होएवला पर्यवेक्षण कार्यमे स्वतन्त्र बुद्धिजीबी, प्राध्यापक, कानूनविद, समाजसेवी, पूर्वराजदूत, संयुक्त राष्ट्रसंघक पूर्वप्रतिनिधि,,मानवअधिकारवादी सभक संलग्नता रहैत आएल अछि आ भविष्यमे सेहो रहत ।




## १.२ सञ्जालक उदेश्य

निर्वाचन आयोगद्वारा सञ्चालन होववला संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन स्वतन्त्र, निष्पक्ष, भयरहित आ धाँधलीरहित भेल अछि वा नहि ताहि सम्बन्धमे स्वतन्त्र प्रतिवेदन सार्वजनिक केनाई अई संजालक प्रमुख उद्देश्य अछि । ई संजाल निर्वाचन आयोग द्वारा सार्वजनिक कएल निर्वाचन कार्यक्रम अनुरुप निर्वाचनक विभिन्न चरणसभक (मतदाताके नाम दर्ता, मतदान, मतगणना आ परिणाम घोषणा सेहो) घटनासभक पर्यवेक्षण कए प्रतिवेदन तैयार कए सार्वजनिक करत ।

## १.३ संजालक सांगठनिक स्वरुप

अई संजालके संगठनात्मक स्वरुप स्तरगत रुपसँ देखलापर ५ स्तरक अछि, जाहि अनुसार सबस उपर ८ सदस्यीय कार्यसमिति अछि । एकर अन्तर्गत ५ सदस्यीय सचिवालय आ ३५ सदस्य राष्ट्रीय पर्यवेक्षकसभक राष्ट्रीय परिषद अछि । ३५ जिला पर्यवेक्षक, ७० निर्वाचन क्षेत्र पर्यवेक्षक,४० नगरपालिका स्तरके पर्यवेक्षक आ ७०० गाविस स्तरके पर्यवेक्षक सहित कूल ८८० पर्यवेक्षकसबसहित अई संस्थके संरचना निर्माण कएल गेल अछि । राष्ट्रीय आ जिला पर्यवेक्षक सभक नामावली अनुसूची १ मे दे गेल गेल अछि ।




## १.४ संजालक दायित्व

संविधान सभा निर्वाचन, २०६४ के सफल बनएबाक लेल जियोक अपन चुनाव पर्यवेक्षण स्वतन्त्र,निष्पक्ष, तटस्थ पर्यवेक्षक सब द्वारा करयवाक दायित्व ग्रहण कएने अछि । जियोक

अपन दायित्व पूरा करवाक क्रममे पर्यवेक्षणके लेल आवश्यक सहयोग पहुँचएवाक लेल एक सचिवालयके स्थापना कए काम करैत आएल अछि । ई सविधान सभा निर्वाचन पर्यवेक्षणके लेल राष्ट्रीय,जिला,निर्वाचन क्षेत्र, गाम आ नगर स्तरीय पर्यवेक्षक चयन करवाक काम कएने छल । तहिना जियोक निर्वाचन के पर्यवेक्षण कएलाकवाद अपन गतिविधि तथा प्रतिवेदन सब निर्वाचन आयोग सहित राजनीतिक दल आ अन्य सम्वन्धीत निकायसबमे बुझाकए सार्वजनिक करैत आएल अछि । एतबे नहि ईअपन सब गतिविधि निष्पक्ष, स्वतन्त्र आ पारदर्शी ढंगस सम्पन्न करवाक मुख्य जिम्मेवारी वहन करैत अछि । अही क्रममे संविधानसभा सदस्यक निर्वाचनस पहिने आ निर्वाचन के बाद प्रारम्भिक कार्यक्रम आ आर्थिक प्रतिवेदन पत्रकार सम्मेलन कए सार्वजनिक कए चुकल अछि । प्रस्तुत अन्तिम प्रतिवेदनके एखन सार्वजनिक कएल गेल अछि ।

## १.५ संजालक सचिवालय

निर्वाचन पर्यवेक्षणके कामके लेल दैनिक कार्य सञ्चालन करवाक लेल आ अन्य आवश्यक सहयोग करवाक लेल जियोकके केन्द्रीय सचिवालय नेपाल कानून समाज,अनामनगर, काठमाण्डौमे पर्यवेक्षणके काममे सहयोग पहुँचावय आ सहज बनएबाक उदेश्यस आवश्यक जनशक्ति व्यवस्था करवाक संगहि ३५ राष्ट्रीय पर्यवेक्षकसभक एक परिषद गठन कएल गेल अछि । प्रत्येक सदस्य सस्थासबके प्रतिनिधित्व होएबाक हिसाबसँ श्री हिमालय शम्शेर ज ब रा के अध्यक्षतामे कार्य समिति गठन कएल गेल अछि ।

## १.६ संजालक कार्यक्रमसब

क. निर्वाचन पर्यवेक्षकके तैयारी चरण

१. निर्वाचन कार्यके पर्यवेक्षण कार्यके व्यवस्थित करबाक लेल केन्द्रीय सचिवालयक स्थापना आ आवश्यक जनशक्ति व्यवस्था कएल गेल छल ।

२. पर्यवेक्षक के संजाल निर्माण करबाक लेल राष्ट्रीय स्तरके ३५ व्यक्ति आ जिलास्तर के ३५ व्यक्तिके पर्यवेक्षक व्यवस्था कए अभिमुखीकरण गोष्टी सम्पन्न कएल गेल छल ।

३. प्रत्येक जिलाके प्रतिनिधित्व होएबाक दृष्टि सँ २० गाम विकास समितिके चयन कए प्रत्येक गाविस स्तरपर एक व्यक्ति पर्यवेक्षक आ नगरपालिका रहल प्रत्येक जिलामे दू व्यक्ति निर्वाचन पर्यवेक्षकके व्यवस्था कएल गेल छल ।

४. पर्यवेक्षण कार्यके प्रभावकारी आ आसान बनएबाक लेल समय–समय पर सचिवालय जिलासबके अनुगमन सेहो कएलगेल छल ।

५. निर्वाचन आयोगस निर्वाचन पर्यवेक्षण करवाकलेल अनुमतिप्राप्त संजालक सभक समन्वय कए विषय वस्तु आ अनुभव सम्बन्धी विचार आदान–प्रदान कएल गेल छल ।

६. राष्ट्रीय आ जिलास्तरके पर्यवेक्षकसबके प्रशिक्षकके रुपमे काम करवाक लेल केन्द्रमे प्रशिक्षण कार्यक्रमके आयोजन कए संविधान सभा सदस्य निर्वाचन पर्यवेक्षण

निर्देशिका, २०६४ तैयार कए सब स्तरके पर्यवेक्षक सबके उपलब्ध कराओल गेल छल ।

७. राजनीतिक दल, नागरिक समाज आ सरकारसंगे समय–समय पर अन्तर्किया करैत निर्वाचन आयोग साथे निरन्तर सम्पर्कमे रहवाक काम सेहो भेल छल ।

८. राष्ट्रीय आ जिला पर्यवेक्षक मार्फत स्थानीय स्तरके पर्यवेक्षकके सम्वन्धीत जिलाके प्रशिक्षण देल गेल छल ।

ख निर्वाचन पर्यवेक्षण

१. जियोकके संजाल राष्ट्रीय, जिला,निर्वाचन क्षेत्र, गाम आ नगर निर्वाचन पर्यवेक्षकके निर्धारित फार्म बमोजिम निर्धारित जिला, गाम तथा नगरमे निर्वाचन पर्यवेक्षण करएवाक काम सम्पन्न भेल छल ।

२. निर्वाचनके दिन स्थानीय स्तरके पर्यवेक्षकसब द्वारा पर्यवेक्षण कयल कामके प्रभावकारी बनएबाक लेल राष्ट्रीय आ जिला स्तरके पर्यवेक्षकसब द्वारा निरीक्षण कराओल गेल छल ।

ग निर्वाचन प्रतिवेदन

१. निर्वाचन आयोग द्वारा निर्वाचन मतदान कार्यक्रम सम्पन्न करौलाके बाद मतगणनाके पर्यवेक्षण कएल गेल छल ।

२. मतदान आ मतगणनाके पर्यवेक्षण सम्पन्न भेनाके बाद सम्पूर्ण पर्यवेक्षकके फारम सङकलन कए तथ्यांक विश्लेषण करवाक काम सम्पन्न कए ओकर विवरण अही प्रतिवेदनमे समावेश कएल गेल अछि ।

३. निर्वाचन सम्पन्न भेलाके १५ दिन भीतर संक्षिप्त प्रतिवेदन सम्वन्धीत निकायके बुझाकए सार्वजनिक कएल गेल छल ।

४. अन्तिम प्रतिवेदन विशेषज्ञसभक टोली द्वारा तैयार कए कार्यसमितिस विस्तृत अध्ययन भेलाक बाद प्राप्त सुझावक आधारपर प्रकाशित कएल जाएत । ■

परिच्छेद २

# पर्यवेक्षण विधि

## २.१ पर्यवेक्षणके आवश्यकता आ महत्व

विश्व के आन देशसभक अनुभव एवं हमरा सभक देशक सेहो विगतके अनुभवके देखलापर ई संजाल २०५६ सालमे सम्पन्न आमनिर्वाचन सेहो पर्यवेक्षण कएलाके बाद जे पर्यवेक्षण प्रतिवेदन सार्वजनिक कएने छल ताहिस विगतके निर्वाचन मे भेल धाँधली, त्रुटि आ चुनौती सबके हटएबाक लेल आ स्वच्छ,निष्पक्ष, भएरहीत वाताबरणमे निर्वाचन सम्पन्न करबाक लेल सम्वन्धीत संवैधानिक व्यवस्था आ कानुन मे समसामयिक सुधार करवाक लेल देल गेल सुझावसभक कार्यान्वयन भेल देखल गेल अछि । समाज गतिशील अछि, नया नया प्रवृति आ विकृति सब निर्वाचनमे देखल जाइछ आ प्रवेश सेहो कए गेल अछि तैँ निर्वाचन के दूषित करएवला प्रवृतिस उत्पन्न होएबला कमी–कमजोरीसब,गलत विकृतिसबके हतोत्साहित करैत स्वचछ,निष्पक्ष एव भयरहित वातावरणमे निर्वाचन सम्पन्न करवाक लेल पर्यवेक्षण आवशयक अछि । नेपालके राजनीतिक इतिहासमे संविधानसभा सदस्यक निर्वाचना पहिल बेर होएवाक कारण तकर पर्यवेक्षण अत्यन्त आवश्यक छल । ऐहि निर्वाचनमे जियोकसन स्थापित संजालसभक पर्यवेक्षण पश्चात पेश कएल सुझावसब आ देखल गेल त्रुतिसब सार्क क्षेत्र स्तरमे मात्र नहि कि विश्वके अन्य देश सबमे सेहो भविष्यमे होएबला एहन निर्वाचनके लेल शिक्षाप्रद होएबाक उदेश्यसँ एहि बेरक नेपालके पर्यवेक्षण अनुभवके उल्लेखनीय महत्व अछि ।

## २.२ पर्यवेक्षकके विवरण एव कार्यक्षेत्र

आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति जियोक पैग अवधिके लेल ३५ राष्ट्रीय पर्यवेक्षक ३५ जिला पर्यवेक्षक आ छोट अवधिके लेल ७० निर्वाचन क्षेत्रस्तरीय पर्यवेक्षक, ४० नगरपालिका स्तरीय आ ७०० गाविस स्तरीय पर्यवेक्षक समेत कुल ८८० पर्यवेक्षक सबके संविधानसभा सदस्य निर्वाचनमे प्रत्यक्ष रुपसँ संलग्न कराकय पर्यवेक्षण कार्य सम्पन्न कएलक अछि । प्रत्येक जिलास २० गाविसके चुनिकए ३५ जिलाके ७०० गाविसस्तरीय पर्यवेक्षक सबके आ प्रत्येक जिलाके २ निर्वाचन क्षेत्रक हिसाबस जम्मा ७० पर्यवेक्षक सबके संविधानसभा सदस्य निर्वाचन सम्बन्धी संवैधानिक आ कानुनी ज्ञानसहितके संविधानसभा सदस्य निर्वाचन पर्यवेक्षण निर्देशिका, २०६४ तैयार कए समयेमे वितरण कएने छल ।

**राष्ट्रीय पर्यवेक्षकके कार्यक अनुभव**

| क्र.सं. | अनुभव | महिला | पुरुष | जम्मा |
|---|---|---|---|---|
| १ | संयुक्त राष्ट्रसंघीय संगठन के पूर्व प्रतिनिधि | | २ | २ |
| २ | कानून व्यवसायी | ४ | ७ | ११ |
| ३ | पूर्व महासचिव आ पूर्व वरिष्ठ प्रशासक | | ३ | ३ |
| ४ | प्राध्यापक | १ | ६ | ७ |
| ५ | मानव अधिकारवादी | | १ | १ |
| ६ | पूर्व उपकूलपति | | १ | १ |
| ७ | नागरिक समाजक अगुवा | | ३ | ३ |
| ८ | समाजसेवी | | १ | १ |
| ९ | इन्जिनियर | | १ | १ |
| १० | बरिष्ठ पत्राकार | १ | ४ | ५ |
| ११ | पूर्व राजदूत | | १ | १ |
| | जम्मा | ६ | २९ | ३५ |

## २.३ पर्यवेक्षण प्रतिवेदन तैयारी पद्धति

निर्वाचन क्षेत्र, नगर आ गाबिस स्तरीय पर्यवेक्षक सबके अपनाद्वारा कएल गेल पर्यवेक्षण क्षेत्र आ स्थानसभक पर्यवेक्षण प्रतिवेदन जिला पर्यवेक्षक सब समक्ष पेश करवाक व्यवस्था छल । ओहि प्रतिवेदनसभक सारांश तैयार कएल प्रतिवेदन जिला पर्यवेक्षक द्वारा राष्ट्रीय पर्यवेक्षकके बुझएबाक व्यवस्था कएल गेल छल । राष्ट्रीय पर्यवेक्षकलोकनि जिला पर्यवेक्षक सबके पठाओल प्रतिवेदनके परिमार्जन कए आ खुद द्वारा कएल गेल पर्यवेक्षणके वस्तुगत विस्तृत तथ्यक विश्लेषण कए राष्ट्रीय रुपमे सारांश प्रतिवेदन तैयार कएल गेल छल । अई प्रतिवेदनके तैयार करवाक लेल गुणात्मक आ संख्यात्मक विधि प्रयोग कएल गेल अछि ।

सीमित समय रहलोपर निर्वाचन आयोग,नेपाल सरकार आ सम्वद्व पक्ष द्वारा निर्वाचन सम्बन्धी ऐन, कानून, नियम, निर्देशिका निर्माण, निर्वाचनक तैयारी, निर्वाचन सम्पन्न करबाक लेल आवश्यक, भौतिक श्रोत-साधन आ जनशक्तिक व्यवस्थापनमे पहुँचाओल दृष्टि, जल्दबाजी सराहनीय अछि । द्वन्द्वस गुजरैत हमरासभक देशमे संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन मार्फत समस्याक निकास देल कार्यके सक्षमे कहल जा सकैछ । विश्वके देखलोपर पूर्णतः त्रुटिरहित कोनो चुनाव नहि भेल अछि । हमरोसभक देशमे संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन त्रुटिरहित नहि देखलगेल । निर्वाचन पर्यवेक्षण क्रममे देखल किछु उल्लेख्य विषयसव प्रतिवेदनमे उल्लेख कएल गेल अछि । ■

# संविधानसभा सम्बन्धी कानूनी समीक्षा

## ३.१ संबिधानसभाक बिकासक्रम

राणा प्रधानमंत्री पद्म शम्शेरद्वारा संबैधानिक सुधार समितिक मसौदाके आधारपर बि.सं. २००५ बैशाख १ गतेसँ लागू होएवाला मिति २००४।१०।१३ के दिन जारी भेल 'नेपाल सरकार बैधानिक कानून, २००४' पहिल संविधान अछि, मुदा से लागू नहि भेल। २००७ सालक जनक्रान्ति पश्चात् जहानिया राणा शासनक अन्त भेलापर तत्कालीन राजा त्रिभुवन मंत्री परिषद्क सलाहपर २००७ साल चैत २९ गतेसँ लागू होएवला 'नेपाल अन्तरिम शासन विधान, २००७' जारी कएलनि । श्री ५ त्रिभुवनक २००७ आ २०१० सालक घोषणाद्वारा नेपालक संविधान निर्माण करवाक प्रयोजनक लेल संविधानसभा (विधानसभा) क निर्वाचन होएत कहलाकेबाद अनेको विवादक कारण २०१४ सालमे संविधानसभाक निर्वाचन नहि होएवाक स्थितिके कारण श्री ५ महेन्द्रद्वारा गठन कएल संविधान मसौदा आयोगद्वारा तैयार कएल मसौदाके तत्कालीन मंत्री परिषदद्वारा अनुमोदन पश्चात २०१५।११।१ के दिन 'नेपाल अधिराज्यको संबिधान, २०१५ लागू कएल गेल । २०१७ साल पुस १ गते श्री ५ महेन्द्रद्वारा जननिर्वाचित प्रधानमंत्री वी.पी. कोइरालाके नेतृत्ववला सरकारके विघटन कए शासनके प्रतिबन्धित कएल गेल । २०१७ साल पुस १ गते बाद श्री ५ महेन्द्र दोसर घोषणा कए 'नेपाल अधिकार प्रयोग कए 'नेपाल विशेष यवस्था ऐन, २०१७ लागू कएलनि आ ओही ऐन अनुसार २०१९ पुस १ गते धरि शासन कएलनि । फेर ओ खुदे २०१९।१।१६ के दिन संविधान मसौदा आयोग गठन कए २०१९ पुस १ गते 'नेपालको संविधान २०१९' घोषणा कएलनि । एहि प्रकार १०४ वर्षक जहानियाँ राणा शासन बादो फेर ३० वर्ष तकके शाहवंशीय शासनसेहो सेहो जनमत संग्रहमे समाप्त भेल ।

२०४६ सालमे परिवर्तनकामी नेपली जनताद्वारा फेर जनआन्दोलन कएलाके बाद निरंकुश पंचायती व्यवस्था समूल नष्ट भए बहुदलीय लोकतंत्रक पुनर्स्थापना भेल। २०४६ चैत २६ गतेके मध्य रातिमे तत्कालीन श्री ५ बीरेन्द्रद्वारा नेपालक संविधान, २०१९ मे संशोधन कए २०२३ सालमे राखल गेल "दलविहीन पंचायती ब्यवस्था" शब्द हटा क दलसभक ऊपरक प्रतिबन्ध हटौलनि । बहुदलीय लोकतान्त्रिक ब्यबस्थाके पुनर्स्थापना पश्चात् सर्वोच्च अदालतक तत्कालीन न्यायाधीश श्री विश्वनाथ उपाध्यायके अध्यक्षतामे राजाके प्रतिनिधि सहितक संविधान सुझाव आयोग गठन कएल गेल आ ओहि आयोगद्वारा तैयार कएल गेल मसौदाके बिधायिकाके अधिकार सेहो प्राप्त अन्तरिम मंत्रीपरिषद्द्वारा फेरबदल कए 'नेपाल अधिराज्यको संविधान, २०४७ जनआन्दोलनके उपलब्धिके रूपमे कार्तिक २३, २०४७ सालसँ लागू भेल ।

श्री ५ वीरेन्द्रक वंशनाश भेलाक बाद राजा बनल ज्ञानेन्द्र २०५९ आश्विन १८ गते निर्वाचित प्रधानमंत्रीके सरकारके बर्खास्त कएलनि आ माघ १९ गतेके कदम पाछा त जबरदस्ती प्रत्यक्ष शासन करए लगलाह । तकर बाद राजनीतिक दलसभद्वारा जनआन्दोलनक शुरूवात कएल गेल आ ताही क्रममे नेकपा ( माओबादी) आ तत्काळीन सात दलसभक संयुक्त मोर्चा बीच २०६२।८।७ के दिन बारह बुंदे समझौता सम्पन्न भेलाक बाद संचालित १९ दिनक संयुक्त जनआन्दोलन निरकुंश राजतंत्रके ढाहि देलक आ २०६३।१।११ गते के दिन पुनः लोकतंत्र पुनर्स्थापित एवं कार्यान्बित भेल । नेपलाके पहिल बेर जनआन्दोलनक उपलब्धिक एकगोट कडीके रुपमे 'अन्तरिम संविधान, २०६३ निर्माण भए २०६३ माघ १ गतेसं लागू कएल गेल । नवगठित सरकारद्वारा अन्तरिम संविधान, २०६३ के धारा ३३ अनुसार २०६४ साल जेठ महीना भीतर संविधानसभाक निर्वाचन करएबाक प्रतिबद्धता कएल गेल मुदा से नहि भए निर्वाचन करएबाक प्रतिवद्धता कएल गेल मुदा से नहि भए फेर २०६४ अगहन महीनामे निर्वाचन करएवाल घोषणा आ फेर २०६४ अगहन महीनामे निर्वाचन करएवाक घोषणा आ फेर सेहो नहि भेलापर २०६४ पुस १३ गते अन्तरिम संविधान मे तेसर संशोधन कए धारा ३३ के खण्ड (क) मे राखल "मंसिर महिना" शब्द हटा कए पाछा नेपाल सरकारक तरफस २०६४ चैत २८ गते निर्वाचन करबाक मिति निर्धारित कएल गेल आ अन्ततः ओही मितिमे सम्पन्न सेहो भेल । आव यैह संविधानसभा लोकतान्त्रिक संघीय गणतन्त्र नेपाल निर्माण करबाक ऐतिहासिक जिम्मेबारी उठौने अछि।

## ३.२ संविधानसभाके पृष्ठभूमि

२०६२।६३ के जनआन्दोलनके परिणामस्वरुप अन्तरिम संविधान, २०६३ के निर्माण भेल, जाहिमे प्रस्तावना सहित २५ भाग १६७ धारा ४ अनुसूची अछि । धारा ३३, १५४, १५४ क संविधानसभासँ सम्वन्धीत अछि आ भाग ७ त पूरे संबिधान सभासँ सम्वन्धीत अछि। पहिने २०६४ मे जेठ महिना भीतर संविधान सभाके निर्वाचन करबाक निर्णय भेल छल, से नहि भसकल। तकर बाद देशमे विकसित धटनाक्रमके आधारपर सव क्षेत्र, वर्ग आदिके समावेश करवाक हिसावसँ अन्तरिम संविधान, २०६३ मे २०६४ साल जेठ ३० गते दोसर संशोधन क धारा ३३ मे संशोधान कए विशेष धारा १५४ (क) राखि निर्वाचन क्षेत्र निर्धारण आयोग गठन कए २०६४ अगहन महीनामे निर्वाचन सम्पन्न करवाक निर्णय सेहो कएल गेल मुदा सेहो नहि भेल । पुनः मिति २०६४।९।१३ मे तेसर संशोधन १९ चैत्रमे सेहो करवाक निर्णय कएल गेल आ ओहि संगे संशोधित धारा ६३ (३) अनुसार पहिले निर्वाचन होएवला प्रणालीमे संशोधन क २०५ के जगह पर २४० ब्यक्ति आ धारा ६३ (३) (क) समानुपातिक प्रणाली अनुसार २४० के बदला ३३५ आ धारा ६३ (३)(ख) राष्ट्रीय जीवनमे महत्वपूर्ण योगदान कएनिहार विशिष्ट व्यक्ति सबमेसँ मनोनीत होएवाला १७ व्यक्ति के बढाक २६ कएल गेल । कुल ६०१ सदस्य संख्या वला संविधानसभा मे सँ क्रमश: २४० आ ३३५ सदस्यक निरवाचन २०६४ चैत २८ गते सम्पन्न भए गेल । २०६५ जेठ १५ गते संमविधानसभाके प्रथम बैठक सेहो बैसल। तकर बाद २६ सदस्य विभिन्न दलसँ मनोनीत कएलगेल । समविधानक चारिम संशोधनसँ राष्ट्रपति, उपराष्ट्रपति पदके समावेश, अधिकार कर्तव्यक व्यवस्था भ गणतन्त्रक कार्यान्वयन बए चुकल अछि ।

## ३.३ नेपालक अन्तरिम संविधान, २०६३

एतिहासिक जनआन्दोलन २०६२/६३ के उपलब्धिमे एकटा उपलब्धि नेपालके अन्तरिम संविधान २०६३ सेहो अछि । संविधानक धारा ६४ मे संविधान सभाके अवधि पहिल बैठकके मितिस दु वरिस तक निर्धारित कएल गेल अछि मुदा संविधानके धारा १३४ बमोजिम संकटकालीन स्थितिके घोषणा भेलापर संविधान निर्माण कार्य अधूरा रहवाक अवस्थामे संविधान सभा खुदे प्रस्ताव पारित कS संविधान सभाके कार्यकाल (अवधि) ६ महिना तक बढा सकैछ ।

## ३.४ संविधानसभा सदस्य निर्वाचन ऐन, २०६४

ई ऐन संविधानसभाके अवधि जाधरि रहत ततबे समयक लेल अछि, जे व्यवस्थापिका संसद २०६४ मे दोसर ऐनके रुपमे बनौने छल । ई ऐन नेपालक अन्तरिम संविधान २०६३ अनुरुप मात्र अछि जाहिमे १९ गोट दफाक उल्लेख निर्वाचन क्षेत्र आ निर्वाचन प्रणालीस सए निर्वाचन परिणामके घोषण तकके विभिन्न चरणक प्रक्रियाके सम्बन्धमे उल्लेख अछि ।

## ३.५ संविधानसभा सदस्य निर्वाचन नियमावली, २०६४

संविधान सभा सदस्य निर्वाचन ऐन २०६४ के उद्देश्यके कार्यान्वयन करब आसान होइक ताहि उद्देश्य स निर्वाचन आयोग ई नियमावली बनाकए लागू कएने छल, जाहिमे नेपाल सरकार द्वारा संविधान सभाके सदस्यके निर्वाचनके मिति निर्धारित कएलापर आयोग ओहिस सम्वन्धीत सम्पूर्ण काम सम्बन्धमे सर्वसाधारणके सूचना द्वारा जानकारी करएबाक प्रावधान छल । ऐहिमे ४ गोट अनुसूची अछि । एहि प्रकार ऐनमे निर्दिष्ट कानुनी व्यवस्थाके कार्यान्वयन प्रकियामे नियमावली आसान बनौने अछि ।

## ३.६ निर्वाचन (कसुर आ सजाय) ऐन, २०६३

संविधानसभा सदस्य निर्वाचन विशेष निर्वाचन होएबाक कारण अईस सम्वन्धीत कसुर आ सजाय सम्बन्धी व्यवस्था सेहो परम्परागत रुपमे रहल कानुनसँ अलग प्रकारक होएब आवश्यक छल । तैं २०६४ के ऐतिहासिक जनआन्दोलन पश्चात् बनल निर्वाचन (कसुर आ सजाय) ऐन,२०४७ के खरिज कए नया नामस निर्वाचनके क्रममे सम्भाव्य कसुरके स्पष्ट रुपस दफा ३ स १८ तकमे उल्लेख कएल अछि आ दफा १९ मे सजायके व्यवस्था सम्बन्धमे उल्लेख कएल गेल अछि ।

नेपालक स्वतन्त्रता, सार्वभौमसत्ता, प्रादेशिक वा राष्ट्रीय अखण्डतापर प्रतिकूल प्रभाव छोडबाक लेल आ जनतामे निहित राजकीय सत्ता बहुदलीय प्रतिस्पर्धात्मक लोकतंत्रके प्रतिकूल होएवाक ढंगस प्रचार-प्रसार नहि करवाक लेल, तकरबाद मतपत्रमे कएल संकेत आन ककरो नहि देखएवाक लेल जौं से देखौलाके बाद मतपेटीमे नहि खसाओल अवस्थामे अछि त ओहि मतपत्रके अलगे लिफाफामे वन्द कए रखबाक लेल, अनुचित लाभके प्रलोमनमे केओ देल उजुरी फिर्ता नहि लए सकैछ सन विशेषता सेहो अई ऐनमे समावेश कएल गेल अछि ।

## ३.७ निर्वाचन आयोग ऐन, २०६३

पुनस्थार्पित संसदके अग्राधिकार देलापर २०६३ सालक पहिल ऐनके रुपमे निर्वाचन आयोग ऐन बनि कए मिति २०६३।१२।१२मे प्रमाणीकरण सेहो भेल । संबिधानके धारा ६३ अनुसार होएबला संबिधान सभा सदस्य आ प्रचलित कानून अनुसार निर्वाचन आयोग के करएवला अन्य निर्वाचन आ उपनिर्वाचनसब करएवाक अधिकार ओहि ऐन अनुसार र्निवाचन आयोगके देल गेल । जाहिमे निर्वाचन कार्य सम्पन्न करबाक संगहि अन्य निकायसबसं सहयोग लेवाक, अनुगमन, पर्यवेक्षण, भौतिक श्रोत साधनसभक व्यवस्था कए स्वतन्त्र, निष्पक्ष आ भयरहित वातावरणमे निर्वाचान सम्पन्न करबाक, अवाञ्छित क्रियाकलाप करएवलाके दण्डित करबाक आदि समस्त अधिकार निर्वाचन आयोगके देल गेल । एहि ऐनके लागू होईतहि निर्वाचन आयोग ऐन,२०४७ खारिज भए गेल ।

## ३.८ मतदाता नामावली सम्बन्धी ऐन,२०६३

मतदाता नामावली सम्वन्धी ऐन,२०६३ लागु भेलाके बाद मतदाता नामावली सम्वन्धी ऐन,२०५२ अनुसार कएल गेल सब काम-कारबाई अहि ऐन अनुसार भेल मानि मतदाता नामाबली सम्बन्धी ऐन, २०५२ खारिज कएल गेल । ई ऐन लागु भेलाके बाद २०६३ अगहन मसान्त तक १८ वर्ष पुगल व्यक्तिके संविधानसभा सदस्यक निर्वाचनमे मतदाता होएबाक प्रावधान राखल गेल । एहि ऐन अनुसार अस्थायी बसोबास कएनिहारके सेहो मतदाता बनबाक व्यवस्था कएल गेल आ ताहि आधारपर माओवादीके शिविरमे रहल सेना, जेलमे रहल कैदी तथा थुनामे रहल व्यक्ति सबके मतदान करवाक अवसर देल गेल । तहिना बैरेकमे रहल नेपाली सेना आ प्रहरी सेहो अस्थायी मतदाताके रुपमे मतदान करबाक अवसर प्राप्त कएलक । मतदातासभक नागरिकता सम्वन्धी प्रावधानक प्रश्न मुदा अनुत्तरित रहल ।

## ३.९ मतदाता नामावली सम्वन्धी नियमावली,२०६३

मतदाता नामावली सम्वन्धी ऐन,२०६३ के दफा ४४ अनुसार निर्वाचन आयोगद्वारा ई नियमावली बना कए लागु कएल गेल । ऐनमे स्पष्ट नहि भेल बात नियम ४ के उपनियम २ अनुसार प्रत्येक जिलाके जिला निर्वाचन कोर्यालयके मात्र प्रमुख नामदर्त्ता अधिकारीके कार्यालय कीटान कएलक आ ताहि अनुसार जिला, गाविस, नगरपालिका सबमे नियम अनुसार मतदाता नामावली सम्वन्धी सम्पुर्ण कार्य सम्पन्न कएल गेल । कोनो संघसंस्था वा ब्यक्तिके मतदाता नामावली खरीद करवाक लेल आयोगद्वारा निर्धारित मुल्य बुझा कए मतदाता नामावली वा वोकर विधुतीय प्रति (कमप्युटर डिस्क) प्राप्त करबाक व्यवस्था कएल गेल छल ।

## ३.१० राजनीतिक दल दर्ता (निर्वाचन प्रयोजन) नियमावली २०६३

नेपालक अन्तरिम संविधान, २०६३ के धारा १४२ आ निर्वाचन आयोग ऐन, २०६३ दफा १९ अनुसार निर्वाचन आयोग द्वारा निर्वाचन प्रयोजनक लेल मान्यता प्राप्त करएवाला प्रत्येक राजनीतिक दलके लेल वेशी स वेशी एक महिनाके समय दए नेपाल राजपत्रमे सूचना प्रकाशित

कएल जाइछ । ओहि प्रकारक सुचना राष्ट्रीय स्तरके पत्र पत्रिका आ संचार माध्यममे सेहो प्रकाशित कएल जाइछ । से सुचना प्रकाशित भेलाके बाद दर्ता होएवला दलसब अपन दलक विधान, घोषणापत्र,राजनीतिक दलके नाम, प्रधान कार्यालयके पता, दलके आयश्रोतक कोष,श्रोतक विवरण, दलक झण्डा, आधिकारिक छापक नमुना, अधिकारपत्र साथे सभापति वा महामन्त्री वा ओहि स्तरक पदाधिकारी के अनुसुची-२ मे देल नमुनाके आधारपर निवेदन देवएकाल आन प्रमाणसाथे, अन्तरिम व्यवस्थापिका संसदमे प्रतिनिधित्व करएवला दलसभक अतिरिक्त, आन दल सबके कम स कम दस हजार मतदाता सभक समर्थन सहितके हस्ताक्षरयुक्त निवेदन पेश करवाक निर्देशात्मक व्यवस्था अछि । जकरा अधिकारप्राप्त व्यक्तिद्वारा प्रमाणित होयबाक अनिवार्यता अछि । ओ सब भेलाके बादो निर्वाचन आयोग द्वारा तकरा जाँच कएल जाइछ । संविधानसभाके प्रस्तावनाके मुल भावना, आ मर्म विपरीतक उद्देश्य रहल । धर्म, जातजाति, भाषा, वा लिङ्गक आधारपर प्रतिबन्धित कएल साम्प्रदायिकता एकताके अवरोधित करयवला वा देशके विखण्डन करएवला प्रकृतिके उद्देश्य भेल विधान नियमावलीमे निर्दलीय वा एकदलीय व्यवस्थाक सम्बर्द्धन आ संरक्षण करवाक उद्देश्ययुक्त कोनो राजनीतिक दलके निर्वाचन प्रयोजनक लेल दर्ता नहि करवाक स्पष्ट व्यवस्था नियमावलीमे कएल गेल अछि । एके नामस एकस वेशी दल दर्ता नहि भए अलग अलग रुपक पहचानवला दलके मात्र आयोगमे दर्ता करवाक प्रावधान अछि ।

## ३.११ संविधानसभा सदस्य निर्वाचन आचारसंहिता, २०६४

निर्वाचन आयोग ऐन,२०६३ के दफा २८ अनुसार सम्वन्धित सबस परामर्श कए निर्वाचन आयोग द्वारा संविधानसभा सदस्य निर्वाचन आचारसंहिता २०६४ निर्माण कएल गेल अछि । निर्वाचन अभियानके प्रचारक्रममे राजनीतिक दल तथा उमेदवारसबद्वारा पालन करएवला १४ बुँदे आचारसंहिता निर्वाचन आयोग द्वारा निर्धारित कएल गेल अछि । तहिना जुलुश तथा आमसभा सम्बन्धी गतिविधि संचालनक समय, स्थान,अवधि आदि सम्वन्धी ११ बुँदे आचारसंहिता सेहो निर्धारण कएल गेल अछि । ओहिमे मतदानक दिनस पूर्व ४८ घंटा मौन अवधि लागुहोएवाक सेहो प्रावधान अछि । प्रचार प्रसारक क्रममे हवाइजहाज, हेलिकप्टर सन महंगा सवारी साधनके प्रयोग करब निषेधित कएल गेल अछि । प्रत्येक उमेदवारके एक क्षेत्रमे एकटा हल्का सवारी साधन मात्र प्रयोग करवाक, सवारी साधन नइ चलएवला क्षेत्रमे वेशी स वेशी दुटा घोडा, राजनीतिक दलके लेल एक जिलामे दु गोट हल्का सवारी साधन प्रयोग करब मात्र निर्धारित कएल गेल अछि । एकर अतिरिक्त सौहार्द्रपूर्ण व्यवहार एव सामञ्जस्यतापूर्ण वातावरण रखवाक लेल सबके आचारसंहिताके बन्धनमे बान्हल गेल अछि । नेपाल सरकार, सरकारी, अर्धसरकारी संस्थाक कार्यालय आ कर्मचारीके लेल आमसंचारमाध्मके लेल अलग अलग प्रकारक आचारसंहिता पालन करवाक प्रावधान राखल गेल अछि । पहिने निर्वाचित होएवला दल वा उम्मेदवारके लेल रु.४,५९,५०० मात्र आ समानुपातिक निर्वाचन प्रणाली दिश बन्द सुचीमे उमेदवारी देल उमेदवारक संख्या अनुसार प्रति उमेदवार रु.५०,००० मात्र खर्च करवाक प्रावधान राखल गेल छल मुदा व्यवहारमे से सीमा पार कए चुकल देखल गेल अछि ।

## ३.१२ संविधानसभा अदालत ऐन २०६४

नेपाल सरकार २०६४ भादो २ गते नेपाल राजपत्रमे सुचना प्रकाशित कए संविधानसभा सदस्यक निर्वाचन सम्वन्धी उजुरीके कारवाई आ किनारा लगएवाक लेल एक संविधानसभा अदालत गठन कएलक । संविधानसभा अदालत ऐन,२०६४ अनुसार गठित ओहि अदालतक काम (१) संविधानसभाके सदस्यके अयोग्यता, (२) संविधानसभा सदस्य सम्वन्धी निर्वाचन बदर आ (३) संविधानसभा सदस्य निर्वाचन सम्वन्धी विवाद समक समाधान आ निर्णय करव थीक । एहि अदालत क्षेत्रके अधिकार भीतरके उल्लेख कएल तीन विषयमे आन कोनो अदालतमे प्रश्न नहि उठाएवाक व्यवस्था अछि । अई अदालतके क्षेत्र अधिकारके विशेषता ई अछि जे मुद्दाके जल्दी किनारा लगएबाक उद्देश्यसँ आ प्रतिउत्तरपत्र पेश नहिभेलाक अवधि वितलाक मितिसँ तीन महानके भीतर मुद्दाके अन्तिम कारवाई आ किनारा लगएबाक प्रावधान अछि । समग्रमे विवादक सम्बन्धमे जल्दी निर्णय देनाई एहि अदालतक उद्देश्य अछि । ■

# जिला पर्यवेक्षण प्रतिवेदन

## ४.१ झापा

संविधानसभाके विषयमे अई जिलाके ग्रामीण क्षेत्रके वृद्ध, अशिक्षित वर्ग तथा मतदाता सबमे संविधानसभा निर्वाचन आ संसदीय निर्वाचन बीच की फरक होइत छैक सेहो नहि मालुम छल । उमेदवारक मनोनयन आ दर्ता प्रक्रिया सम्बन्धमे आयोग द्वारा २०६४ फागुन १९ गते तक मनोनयनके सम्पूर्ण कार्यक्रम पूरा करवाक सूचना प्रकाशित कएलाके बादो तराई आ पहाडी क्षेत्रके आन्दोलनरत विभिन्न राजनीतिक दलसाथे सरकारक भेल सम्झौता अनुसार निर्वाचन आयोग फेर २०६४ फागुन २३ गते मनोनयनक अवधि बढा कए से काज सम्पन्न कएने छल । एहि तरहे दु चरणमे मनोनयन दर्ता पश्चात् शान्तिपूर्ण ढङ्गसँ निर्वाचन सम्पन्न भेल छल । सब स्तरक मतदातासब मताधिकार प्रयोग करवाक लेल प्रतिबद्ध छल । सुविधाजनक स्थानमे मतदान केन्द्र राखल गेल छल । मतदान कार्य नीक वातावरणमे सम्पन्न भेल छल । आचारसहिता उल्लंघनक गम्भीर घटना त नहि घटना छल मुदा प्रायः सब राजनीतिक दलक कार्यकर्ता सब आचरसंहिता विपरीत अपन झण्डासहित निजी सवारी साधन प्रयोग कएने छल । समग्रमे शान्तिसुरक्षाक अवस्था ठीक छल । कोनो गम्भीर प्रकृतिक घटना त नहि घटल छल मुदा संघीय लिम्बुवान राज्य परिषद् द्वारा कएल चैत १ आ २ गते के बन्दके आह्वान पूर्ण सफल छल । चैत ११ गते झापा चौकमे नेकपा (एमाले) नेता के पि शर्मा ओली द्वारा प्रयोग कएल गाडीके नेकपा (माओवादी) कार्यकर्ता द्वारा आयोजित मोटरसाइकल रैली द्वारा ठक्कर देल गेल छल त चैत २२ गते नेकपा (माओवादी) आ कांग्रेस कार्यकर्ता बीच सामान्य विवाद भेल छल ।

झापा जिलाके पुरान नगरपालिका भद्रपुर क्षेत्र न ३ मे निर्वाचन कार्यालय द्वारा नमुनाके रुपमे सब निर्वाचन कर्मचारी महिला राखि कए निर्वाचन सम्पन्न कएने छल । महिलासब द्वारा मात्र संचालन कएल गेल ओ मतदान केन्द्र आन ठामक तुलनामे शान्तिपूर्ण छल ।

## ४.२ मोरङ

संविधान सभाके विषयमे निर्वाचन आयोग द्वारा प्रदान कएल गेल मतदान शिक्षा कार्यक्रम निम्नस्तरतक नीकजकाँ नहि पहुच छल, तकर उदाहरण एक वृद्ध दाहाल मतदाताक कहल २ भोट देवाक अछि स स्पष्ट होइत अछि । मतपत्रपर औठा छाप लगा कए मतदान कएलास मतदातासभक स्तरके विषयमे अनुमान कएल जा सकैछ । मतदान केन्द्रक व्यवस्था आ वातावरण समग्रमे व्यवस्थित आ सुविधाजनक नहि छल । तहिना आचार संहिताक पालन

दलसबद्वारा नहि होएबाक बात मोटरसाइकल, साइकल रैली, टोपी, झोला तथा भेष्ट आदिक वितरण आचारसहिता उल्लंघनक प्रतीक थिक ।

शान्तिसुरक्षाक स्थिति सम्बन्धमे नेकपा (माओवादी) द्वारा चुनाव हमसब नइ जीतब त खून खराबी होयतै, फेर जंगल पैस जाएब, तों सब कहां भोट देवही,हमरासबके मशीनस मालुम भ जाएत कहल उल्लिखित बातसब आन्तरिक भयके वातावरण रहबाक स्पष्ट करैछ । मतदान स्थलपर पार्टीगत पहिरन लगाकए मतदाताके अपना पक्षमे आकर्षित कएल गेल छल । राजनीतिक दलसब विपक्षीसबके प्रचार–प्रसारमे अवरोध पहुचएवाक वातावरण देखल गेल छल । जिलाके ९ क्षेत्रस मतपेटी आबि गेलाके बाद चैत २९ गते अपरान्ह ४ बजेस मतगणना कार्य शुरु भए बैशाख ५ गते मात्र सम्पूर्ण परिणाम प्रकाशित कएल गेल ।

## ४.३ सुनसरी

संविधानसभाके निर्वाचन सम्बन्धमे सुनसरी जिलाके मतदाता सबमे नीक जनचेतनाक संगहि भोट खसएवाक प्रतिबद्वता रहल बात सर्वसाधारणसँ पुछलापर जानकारी देल गेल छल । विभिन्न राजनीतिक दलक उमेदवार सब निर्वाचन आयोगद्वारा पुनः निर्धारित अवधि २०६४ फागुन २३ गतेस २६ गते तकमे निर्वाचन लेल अपन सुनिश्चितता कएने छल । अधिकांशक अतिरिक्त किछु मतदातासभक प्रतिबद्वता उल्लेखनीय छल, जेना क्षेत्र नं. ६ के सप्तकोशी नदीके बीचमे रहल श्रीलंका टापुस नाव चैढ कए मतदान करए आएल छल, तहिना प्रकाशपुर मतदान केन्द्रमे बाबुक क्रियापुत्री रहल महिला मतदान कएने छलीह आ सबस उल्लेखनीय त इटहरी क्षेत्र नं. २मे भोरे ७ बजे बेटीके जन्म देलाके बाद २ बजे मतदानक लेल आएल महिला अपन बेटीके नाम संविधान रखलीह से बात ओकर पति विनोद विश्वकर्मा बतौने छल । सुनसरी जिलाक सब मतदान केन्द्रक व्यवस्थापन उच्चस्तरीय आ मतदान लेल अनुकुल स्थानपर रहल बात मतदातासब बतौने छल । निर्वाचन आयोग आ सरकारके शिक्षिलताके कारण दलसहित पर्यवेक्षकसब सेहो द्वारा आचारसंहिताक उल्लंघन कएल गेल छल । क्षेत्र नं. ४ इनरबाक किछु गाविसमे नेकपा माओवादी कार्यकर्ता द्वारा मतदान केन्द्र भीतर चुनाव चिन्ह अंकित टोपी आ सर्टक जेबीपर से चेन्ह लगा सांकेतिक शब्द प्रयोग कएने छल । शान्तिसुरक्षाक स्थिति समग्रमे ठीक रहवाक कारण निर्वाचन शान्तिपूर्ण ढंगस संचालन भेल छल ।

सुनसरीमे राजनीतिक अवस्था निर्वाचनक दिनसँ पहिने विभिन्न स्थान पर झडप होइतो बादमे मतदान सुचारु रुपस भेल छल । इनरवा क्षेत्र नं. ५ के रामनगरके मधेशी जनअधिकार फोरम आ नेपाली कांग्रेस के कार्यकर्ता वीच बालकृष्ण मा वि मे भेल झडपमे ४ गोटे घायल भेल छल । जाहिमे गङ्गादासक धरानस्थित अस्पतालमे उपचारक क्रममे मृत्यु भेल छल । मतगणना कार्य चैत २९ गते प्रारम्भ भए क्षेत्र नं. ४, ६, १, ३ आ ५ क २ गते धरि सम्पन्न भेल छल मुदा क्षेत्र नं. २ के मतगणना क्रममे राप्रपाके कार्यकर्ता सबके होहल्ला कएलाके कारण बैशाख ३ गतेके बैठक पश्चातक सहमति अनुरुप मतगणना सम्पन्न भेल छल ।

## ४.४ धनकुटा

संविधानसभाके विषयमे जनचेतना होएबाक कारण मतदातासब ३ घंटा चलिकए मतदान केन्द्रमे आवि मतदान कएने छल । विभिन्न राजनीतिक दल निर्वाचन कार्यालयमे उत्साहसाथ नाम दर्ता करौने छल । मतदातासभक स्तर सामान्य छल । मतदानकेन्द्र सब अनुकुल स्थानमे राखल गेल छल । आ वातावरण सेहो सन्तोषप्रद छल । आचारसंहिताक पालनाकरवाक क्रममे नेकपा माओवादी अपन प्रचार–प्रसार सामग्रीसब आनदलसँ बेशी प्रयोग कएने छल । शान्तिसुरक्षाक स्थिति आ प्रबन्ध सन्तोषजनक छल ।

राजनीतिक हिंसाक अवस्था आ प्रकृति धनकुटा जिलाक बढ संवेदनशील छल । क्षेत्र न १ मे राष्ट्रीय जनशक्ति पार्टी आ राप्रपाके स्थिति कमजोर होएवाक कारण नेकपा माओवादी आ नेकपा एमाले अतिरिक्त कोनो दलक प्रतिनिधि मतदान केन्द्रमे नहि छल । क्षेत्र नं. २ के अधिकांश मतदान केन्द्र पर नेकपा माओवादीके वाई सि एल मात्र तैनात रहवाक कारण भीरगाउँ गाविसके पुनिको आ मुगा गाविसके धामे मतदान केन्द्रमे राप्रपाके प्रतिनिधिके वाइ सि एल जाहि नहि देने छल । क्षेत्र नं. २ के भीरगाऊ वाड नं. ४ निवासी दिपक दाहालके नकाबधारी अज्ञातसमुह चैत २३ गते राइत ८ बजे करीब घरसँ अपहरण कए लगेल छल आ विहान भेने चैत २४ गते दिनके जंगलके कातमे हुनकर लाश भेटल छल । घटना होबएस २ दिन पहिने भिरगाऊ ४ निवासी नेकपा माओवादीके स्थानीय कार्यकर्ता अम्बिका गिरि मृतक दिपक दाहालके श्रीमतीके कारवाइके सुचीमे राखल गेल, आब किछुओ भए सकैअ कहने छल । समग्रमे धनकुटा जिलाभरिमे नेकपा माओवादीके भ्रातृ संगठन वाई सि एल के मात्र बिगबिगी छल आ ओ सब राजपा, राप्रपा आदि कोनो पार्टीके कार्यकर्ता तकके देखते वेधडक पिटैत छल । पूरे धनकुटा जिलामे वाई सि एल आतंक मचौने छल आ सब ठामक मतदान केन्द्र पूर्णरुपस अपना कब्जामे रखने छल ।

### मतदानक अवस्था आ प्रकृति

जिलाक विभिन्न मतदान केन्द्रबसँ चैत २९ गते दिनके १२:३० बजे सम्पूर्ण मतपेटी जिला निर्वाचन अधिकृतके कार्यालयमे पहुँच गेल छल । मुदा क्षेत्र नं. १ के महाभारत गाविसके गोलबाडि मा वि, छिन्ताङ गाविस वार्ड नं. ४ के मतदान केन्द्र, आखीसल्ला गाविसके सत्पेनटार आ बेल धारा गाविसके माहाङ मतदान केन्द्र, क्षेत्र नं. २ के लेगुवा गाविसके खनियाखर्क, खोकु गाविसके कन्यादेवी,ताङखुवा गाविसके चुलाचुली,अई सब मतदान केन्द्रमे नेकपा (माओवादी) एकतर्फी कब्जा कए भोट खसौने छल से आरोप लगवैत नेकपा एमाले, नेपाली कांग्रेस आ राप्रपाके तरफस निर्वाचन बदर करबाक लेल मुख्य जिला निर्वाचन कार्यालयमे उजुरी देवाक कारण निर्वाचन आयोगके निर्णय–आदेश भेलाके बाद चैत २९ गते राइत ८ बजेसँ मतगणना कार्यशुरु भए तेसर दिन समाप्त भेल छल ।

## ४.५ उदयपुर

उदयपुर जिलामे निर्वाचन निष्पक्ष, धाँधली रहित आ शान्तिपूर्ण ढंगस भेल छल । शान्ति सुरक्षा व्यवस्था नीक छल । मतदातासब उत्साह साथ मतदान केन्द्रमे जा कए मतदान कएने छल । खसल मतक ५४.५४% छल । निर्वाचन आयोग,सरकारी निकाय तथा स्थानीय पर्यवेक्षक सम प्रभावकारी ढंगसँ अनुगमन कएने छल । पर्यवेक्षकसब प्रति निर्वाचन आयोग, सरकारी निकाय, सुरक्षा निकाय, संचारकर्मी, राजनीतिक दलसब संगहि मतदातासमक सेहो सकारात्मक धारणा छल । निर्वाचन आयोग द्वारा निर्धारित समयावधि भितरे नेकपा (माओवादी) नेपाली,कांग्रेस, नेकपा एमाले, नेकपा माले, नेकपा संयुक्त (मार्क्सवादी), राष्ट्रीय जनता पार्टि आ जनमोर्चा नेपाल निर्वाचन कार्यालयमे अपन उमेदवारके मनोनयन कए दर्ता करौने छल । अई जिलामे किछु छिटपुट घटना भेलाके बादो सब राजनीतिक दल आचारसंहिता पालना कएने छल, हुँ, निर्वाचन सं पहिने माओवादी पार्टीद्वारा किछु हदतक आचारसंहिता उल्लेधन भेल छल । मतदान केन्द्रक व्यवस्थापन आ वातावरण नीक भेलाके कारण प्राय:२०० बजे तक सब मतदाता मतदान कए चुकल छल ।

**आचारसंहिताक पालन**

चैत ९ गते नेकपा माओवादीके पार्टी कार्यकर्त्ता सब अन्य दलके प्रतिनिधि सबके चुनाव प्रचार-प्रसार रोकबाक प्रयास कएने छल । नेकपा एमालेके उदयपुरकेसचिव मणिराज पौडेलके ९ गोटा तक नियन्त्रणमे रखने छल । अधिकांश दल सार्वजनिक सवारी साधन प्रयोग कएने छल । नेपाली कांग्रेस आ नेकपा एमालेके र्कायकर्ताके नेकपा माओवादी के र्कायकर्त्तासब असफल करबाक प्रयास कएने छल । वातावरणके उत्तेजित्त बनाओल गेल छल ।

माओवादीसब गाममे जाकए माओवादीके भोट नइ देलापर पैर तोडि देवाक, धनसम्पति कब्जा करबाक आ माओवादीके चुनावमे जित नइ भेलापर चुनावके परिणाम अस्वीकार करबाक धम्की देने छल । चुनावके पर्यवेक्षणके क्रममे नेकपा माओवादी कांग्रेस आ एमालेके नेतासभक चुनाव सामग्री छीन लेने छल आ दु गोट गाविसमे कार्यकर्त्तासे भेटए तथा कोणसभा सेहो नहि करए देने छल । नेकपा माओवादीके प्रभावक्षेत्रमे शान्ति-सुरक्षाके अवस्था सन्तोषजनक छल । राजनीतिक हिंसा आ धांधलीके संभावना होइतो से नहि भेल छल । सभक सहमतिसं शान्तिपूर्ण रुपमे मतगणना र्काय सम्पन्न भेल छल । तीन स्थानपर सुरक्षाकैम्प स्थापना कएल गेल छल । आ ५० गोट सुरक्षाकर्मीक फोर्स आकस्मिक मोबाइल(परिचालन) के लेल तैनात कएल गेल छल । राजनीतिक अवस्था के देखालापर चैत २० गते नेकपा एमालेके नेता खडगप्रसाद ओलीके सुरक्षार्थ आएल कार्यकर्त्ता आ स्थानिय गांववासीवीच झडप भेल छल आ चैत २३ गते नेकपा एमाले उदयपुर क्षेत्र न:१ के उमेदवार अशोक राईके सेहो अपहरण कएल गेल छल । अई जिलामे सभक सहमतिसं शांन्तिपूर्ण रुपमे मतगणना कार्य सम्पन भेल छल ।

## ४.६ संखुवासभा

संविधानसभाके विषयमे ग्रामीण क्षेत्रके अधिकांश महिला आ पुरुषमे ज्ञानके अभावमे अधिकांश बदर मतपत्रपर औंठाक छाप लागल छल आ किछु मतपत्र खाली छल । उमेदवारके मनोनयन आ दर्त्ता प्रक्रियामे कोनो पार्टीके उमेदवारसं समस्या आ शिकायत नहि आएल छल । अधिकांश मतदातासब अशिक्षित होइतो निर्वाचनमे अपन मतक सदुपयोग करबामे प्रतिबद्ध रहल देखलगेल छल । जम्मा १६० मतदान केन्द्रमे ९५० गोट कर्मचारी मात्र परिचालित कएलाक कारण आवश्यक जनशक्ति अपुग महशुस कएलगेल छल । मतदान करवाक लेल आवए आ जाएवला रास्ता साँकर होएवाक संगहि मतदान केन्द्र दुर रहबाक मतदातासभक शिकायत छल । राजनीतिक दलमे नेकपा माओवादी मात्र आचारसंहिता विपरीत कार्य करैत देखल गेल छल । एमाले कार्यकर्त्ताके घरस बाहर नहि निकल देने छल आ प्रचार प्रसारके लेल अएलापर मारके धम्की देने छल । ग्रामीण क्षेत्रमे अपन पार्टीके पक्षमे मतदान नइ कएलापर निर्वाचनके बाद भौतिक कारबाई करबाक डर त्रास देखबैत दबाब देने छल ।

संविधानसभा निर्वाचनक लेल शान्ति-सुरक्षा हेतु संखुवासभा जिलामे चैत २० गतेसं सशस्त्र, जनपथ आ म्यादी प्रहरी परिचालित कएल गेल छल । एकरा अतिरिक्त सशस्त्र प्रहरिके ८ गश्ती टोली आ जनपथके ४ गश्ती टोली अलगे परिचालन करबाक संगहि मतदान केन्द्रमे सुरक्षाके लेल म्यादी आ जनपथ प्रहरी सेहो परिचालन कएल गेल छल । एतबा व्यवस्थाक बाबजुदो मतदातासबमे भय-त्राशके अवस्था छल । राजनीतिक अवस्था सम्बन्धमे समग्रमे ई कहल जा सकैछ जे माओवादी कोनो राजनीतिक दलके ने अपन कार्यक्रम करए देने छल, दोसर दलके कार्यकर्त्ता सबके पिटैत छल आ जनताके सेहो पुर्णरुपसँ आंतकित आ त्रसित बना कए रखने छल । राप्रपा के प्रचार सामग्री लुटी लेने छल त बहुतो स्थानपर एमाले के कार्यकर्त्ताके अवरोधित करैत जान माइर देवाक तकके धम्की देने छल । माओवादीके वर्चस्व रहलाके वादो मतगणना कार्य सामान्य विवाद भेलोपर शान्तिपूर्ण रुपमे सम्पन्न भेल छल ।

## ४.७ सप्तरी

मधेशवादी आन्दोलनके प्रत्यक्ष असरके कारण सप्तरीके जनता कम समयमे माओवादी आन्दोलन, मधेशवादी आन्दोलन आ स्वतन्त्र मधेशवादी सशस्त्र आन्दोलनमे शहीद होबए पड्ल । समग्रमे जनताके राजनीतिक चेतनामे वृद्दि भेल संविधानसभा निर्वाचनमे मतदाताके विदेश जएवाक कारण उपस्थिति कम रहलोपर राजनीतिक चेतनाके स्तर उच्चतम छल । उमेदवार मनोनयन प्रक्रिया फागुन १३ आ २३ कए दू चरणमे भेल छल । प्रथम चरणमे संसदवादी सात दल सहित अन्य दल आ स्वतन्त्र उमेदवार सब आ दोसर चरणमे मधेशमे आन्दोलनरत दलसब मनोनयन कएने छल । मतदातासब निर्वाचन प्रति प्रतिबद्ध छल । मतदान केन्द्र महिला आ पुरुषके लेल अलग अलग बनाओल गेल छल आ गर्मीसँ बचवाक लेल त्रिपाल आ पाइन पीबाक व्यवस्था होएवाक कारण मतदान केन्द्रक वातावरण उत्साहजनक छल । माओवादी कार्यकर्ता द्वारा क्षेत्र नं. १ मतदान केन्द्र कैप्चर करवाक प्रयास कएलापर प्रतिरोध भए निर्वाचन स्थगित भेल छल । आंशिक रुपमे आचारसंहिताक पालन संगहि समग्रमे शान्तिपूर्ण रुपमे मतदान सम्पन्न भेल

छल । शान्ति–सुरक्षाक व्यवस्था उचित प्रकारक भेलासँ दलसमक निर्वाचन प्रतिबद्दता आ सुरक्षाकर्मीक योजनाबद्द प्रतिबद्दता रहलासँ निर्वाचन निकजकाँ सम्पन्न भेल छल । राजनीतिक हिंसा नहि भेल । निर्वाचनमे प्रथम बेर शिक्षकके खटौसासँ अनुभवके कमीके कारण खसल मतक तथ्याङ्क दुरुस्त ढंगस नहि राखल जा सकल छल । आ तै मतगणना (विलम्वसँ) २०६५–१-१ गते प्रारम्भ भए सामान्य विवाद भेलाक बादो शान्तिपूर्ण रुपमे १० दिन बाद सम्पन्न भेल छल ।

## ४.८ सिरहा

निर्वाचनपूर्व सिरहा जिलाक अवस्था सन्त्रासपूर्ण छल । पाछा मधेशवादी दलसबसाथे फागुन १६ गते सम्झौता भेलाके बाद वातावरण निर्वाचन उन्मुख बनल आ सशस्त्र समुहके व्यापक सुरक्षाकर्मी परिचालित कए प्रभावहीन बनाओल गेल । संविधानसभाके निर्वाचनमे मतदाताके सहभागिता देखलापर जनचेतनामे बृद्दि भेल देखल गेल छल । उमेदवारक मनोनयन प्रक्रिया फागुन १३आ २३ गते दू चरणमे निर्वाचन आयोगद्वारा निर्धारित प्रक्रिया अनुरुप भेल छल । मतदाता संख्यामे अनपेक्षित सहभागिता देखल गेल छल । समग्रमे मतदान केन्द्रक वातावरण उत्साहजनक छल । सिरहा जिलामे आचारसंहिताक पालन आंशिक रुपमे भेल छल कारण मतदाता नामावलीमे नाम नहि रहलाके कारण दोसरके नामपर मतदान साथे विदेश गेल सभक नामपर सेहो मतदान भेल छल ।संसदवादी आ मधेशवादी दलसबके निर्वाचनमे भाग लेवाक कारण शान्तिसुरक्षाक अवस्था ठीक रहलासँ निर्वाचनके क्रममे अप्रिय घटना नहि घटल । राजनीतिक दल मध्ये नेकपा एमाले आ काँग्रेस के कार्यकर्ता द्वारा बुथ कैप्चर करवाक किछु असहज परिस्थिति खडा करवाक कारण चैत २८ गते मतदान स्थगित भए पुनः बैशाख ५ गते मतदान कार्य सम्पन्न कएल गेल छल । सामान्य विवादक वाबजूद मतगणना कार्य सम्पन्न भए परिणाम सेहो सार्वजानिक कएल गेल छल ।

## ४.९ धनुषा

धनुषा जिलामे २०६४ साल चैत ६ गतेसे सँचालित मधेश आन्दोलन भीषण रुप धारण कएलक जाहिमे विभिन्न क्लबसब, बार एशोसिएशन, पत्रकार,निजामती कोर्मचारी, प्रध्यापक, शिक्षक, मजदूर, किसान आदि सब स्तरक सहभागिता छल । ओहि क्रममे प्रहरी आ प्रदर्शनकारी वीच भेल असंख्य झडपमे दर्जनो व्यक्ति घायल भेल छल । प्रहरीद्वारा जनकपुर अंचल अस्पताल तकमे अस्रुगैस प्रहार कएल गेल, असंख्य स्थानपर लाठी चार्ज, मानवअधिकारकर्मी आ पत्रकारसभक ऊपर अभावनीय व्यवहार सन बहुतो घटना भेल । बम बिस्फोट, मधेशी निजामती कर्मचारी द्वारा आन्दोलन, मधेश बन्द शान्ति जुलुस प्रदर्शनक कारण फागुन १३ गतेके निर्धारित मनोनयन दर्ता पूर्ण सफल नहि भेल । फागुन १३ गते नेपाली कांग्रेसके उमेदवार विमलेन्द्र निधि हेलिकप्टरसँ एस,एस,पी, के कार्यालय प्राङ्गणमे उमेदवारी दर्ता करौलनि । नेकपा(माओवादी), नेकपा एमाले, जनमोर्चा सहित किछु संसदबादी दल उमेदवारी दर्त्ता करौलक मुदा मधेशवादी दल ओहि कार्यक्रमके बहिष्कार कएलक । फागुन १६ गते मधेशक आन्दोलनकारी साथे सम्झौता भेला पश्चात् २३ गते पुनः मनोनयनके कार्य शुरू भेलापर मधेशवादी दल मनोनयनक प्रक्रियामे शामिल

भेल छल। संविधानसभाक विषयमे जनचेतना उत्साहवर्द्धक छल । फागुन १४ गते ५० उमेदवार आ २३ गते ११८ उमेदवार सहित जम्मा १६८ उमेदवारी दर्ता भेल छल । मतदातासबमे उत्साहजनक प्रतिबद्धता छल । नमूना मतदान कार्यक्रम करीव १० स्थान पर कएल गेल छल । सुरक्षित वातावरणमे स्थानीय अवधारण अनुरूप मतदान कार्य आचारसंहिताक पालन करैत शान्तिपूर्ण वातावरणमे सम्पन्न भेल छल । निर्वाचन पश्चात् सुरक्षाकर्मीके लौट गेलापर राजनीतिक हिंसामे वृद्धि देखल गेल छल । सामान्य विवादक बीच मतगणना कार्य समाप्त भेलापर परिणाम सार्वजनिक भेलाक भाद विजय रैली उत्साहपूर्वक निकालल गेल छल ।

## ४.१० दोलखा

निर्वाचनपूर्व दोलखा जिलाके राजनीतिमे नेकपा(माओवादी) के दबदबा भेलाके कारण अन्य दलके उमेदवारसब साथे प्रमुख पैघ दलक उमेदवारसब सेहो अपन प्रचार-प्रसारके कार्य नहि कए सकल छल । चैत २१ गतेके साँझमे शहरके गाविसके पूर्व अध्यक्ष एवं नेकपा एमाले के नेता धवज खडकाके घरमे अगलग्गी भेल छल, जकर आरोप नेपाली कांग्रेसपर लागल छल । समग्रमे दोलखा जिलामे संविधानसभाके विषयमे जनचेतना उच्च छल । पागुन १३ गते उमेदवारक मनोनयन प्रक्रिया शान्तिपूर्ण रूपमे सम्पन्न भेल छल। मतदातासबमे निर्वाचनप्रतिक प्रतिवद्धता उच्च छल । मतदान केन्द्रक वातावरण किछु स्थानपर नेकपा(माओवादी) क कारण विवादित रहल छल । मतदातासब डर, त्रास एवं भय व्याप्त छल तैं आचारसंहिताक पालन आंशिक रूपमे मात्र भेल छल । शान्ति सुरक्षाक अवस्था नेकपा(माओवादी) क कार्यकर्ता आ बाई सी एल के अबाञ्छित क्रियाकलापके कारण अवरोधित होइत रहलाके बादो दलसभक बीचके आपसी समझदारी आ जनताके सचेतनासँ शान्ति सुरक्षाक स्थति ठीक रहल छल आ निर्वाचन आशातीत रूपमे शान्तिपूर्ण ढंगसँ सम्पन्न भेलाक वाद मतगणना कार्य पश्चात् क्षेत्र नं. १ आ २ सँ नेकपा (माओवादी) उमेदवार क्रमशः देवि खडका आ हेमवहादुर श्रेष्ठ विजयी घोषित भेल छल ।

## ४.११ चितवन

संविधानसभाके विषयमे कोनो दलक उमेदवार मतदातासबके समुचित जानकारी नहि दए सकल छल । मतदातासभके समुचित जानकारी कोनो पक्षद्वारा नहि करौलाक कारण मतदातासभक स्तर निम्न छल आ तैं तेहन प्रतिबद्धता नइ देखल गेल छल । कोनो पक्षक तरफसँ जिम्मेवारी पूर्वक भूमिका निर्वाह नए कएलाके कारण मतदान केन्द्रक अवस्था एकदम अव्यवस्थित छल आ तैं अनुकूल वातावरणके अभाव छल ।

आचारसंहिताक पालन नेपाली कंग्रेस, नेकपा एमाले, नेकपा(माओवादी) राप्रपा मध्ये कोनो दलद्वारा नइ कएल गेल छल । मतदानके दिनमे नेपाली कांग्रेसके स्थानीय जिम्मेवार व्यक्ति, कार्यकर्त्ता आ ओकरासभक समर्थक द्वारा मेघौली गाविस अन्तर्गतके १२ हो मतदान केन्द्रमे खटल कर्मचारी तकके अवरोधित कए हुलहुज्जत कएने छल, दलबलसाथ मतदान केन्द्रसबमे जाकए वातावरणके अशान्त करैत मतदानक लेल प्रयोग कएल किछु मतपेटी, मतदान भ चुकल किछु मतपत्र आगिमे जरा देलाक कारण मतदान कार्य रोकए पडल छल। अई तरहें नेपाली कांग्रेस

आचारसंहिताके उल्लंघन कएने छल । तहना नेकपा(माओवादी) आ वाई सी एल द्वारा विभिन्न मतदान केन्द्रमे आचारसंहिताके उल्लंघन करैत अवाञ्छित काम कारवाइ कएल गेल छल । भरतपुर नगरपालिका के वार्ड नं. ११ स्थित निर्वाचन क्षेत्र नं. ४ मे शंकास्पद व्यक्तिसब घरेलू हथियार साथ उपस्थित छल, जकरा स्थानीय व्यक्तिसभक सहयोगसँ सुरक्षाकर्मी नियन्त्रणमे लेने छल । मेघौली, रामनगर, शरदपुर, उज्जवलनगर, वसेनी, भोजाड, पडरिय, जुपानी सहितक किछु मतदान केन्द्सबमे मानसिक तनावके वातावरणमे मतदातासब मतदान कएने छल । नेकपा(माओवादी) के उमेदवार, केन्द्रीय स्तरके नेता मतदान केन्द्रमे उपस्थित भेलापर वेशी संख्यामे सुरक्षाकर्मी रहैत छल मुदा आन दल के उमेदवार, नेता गेलापर सुरक्षाकर्मी तेना नइ रहैत छल । कोनो मतदान केन्द्रमे केओ बेरोक टोक जा सकैत छल, कोनो प्रतिबन्ध नहि छल । राजनीतिक अवस्था ई छल जे राजनीतिक दलसब आचारसंहिताके पालन करएमे अग्रसर होएके बदला आपसमे झगडा करएमे व्यस्त छल। फलस्वरूप रा प्र पा, ने क पा माओवादी आ वाई सी एल के विच दिव्यनगर मासीके गर्दी, बछौसा गाविस आदि क्षेत्रमे तथा रा प्र पा जनमोर्चा नेपाल, ने क पा माओवादी, वाई सी एल विच जगतपुरमे झडप भेल छल । तहिना नेकपा माओवादी आ नेकपा एमालेवीच भरतपुर नगरपालिकाके वार्ड नं. १ साथे अन्य जगहमे कतेको बेर झडप भेल छल त नेपाली काग्रेस, नेकपा माओवादी समर्थक, बाइ सी एल के कार्यकर्ता नेकपा एमालेबीच सेहो विभिन्न स्थानमे विभिन्न मितिमे झडप भेल छल । उल्लिखित सब दल आचारसंहिताके उल्लंघन कएने छल। निर्वाचन क्षेत्र नं ५ अन्तर्गतके मेघौलीके तेलौली बजारमे चैत २७ गतेके राति ११.१५ बजे के करीब नेपाली कांग्रेसके कार्यकर्ता पिटाएल छल । तैं ओहि ठाम चैत २८ गतेके चुनाव स्थगित भए मेघौली गाविसके १२ मतदान केन्द्रमे २०६५ बैशाख ३ गते मतदान सम्पन्न भेल छल । बिभिन्न मतदान केन्द्रमे अशान्ति, झडप आ 'दंगा भेलास मतदान कार्य स्थगित भेल छल । मतगणना कार्य सेहो बत्तीके अनियमितताके कारण ठीकस सम्पन्न करएमे बेर-बेर अवरोध भेल छल । एके गोट मत दाता चारि वेर मतदान कएनेछल, औंठाके छाप लगाओल आदि अनियमितता देखल गेल छल । समग्रमे चितवनमे संविधानसभा निर्वाचन अपेक्षित रूपमे नहि भेल छल, से कहल जा सकैछ ।

## ४.१२ मकवानपुर

संविधानसभाके विषयमे मकवानपुर जिलामे जनचेतना नीक छल तकर प्रमाण कुल मतदाता संख्याक ६१.१६ प्रतिशतके मतदानमे सहभागिता अछि । निर्वाचन आयोग द्वारा निर्धारित समयमे नेकपा माओवादी, नेपाली कांग्रेस, नेकपा एमाले, नेकपा माले, नेकपा संयुक्त, राप्रपा आ जनमोर्चा नेपाल एहिसभ पार्टिक उमेदबारसब अपन उमेदवारी दर्ता करऔने छल । संविधानसभाके निर्वाचनमे भोट दए सहयोग करब से धारण बढाबुढी आ सामान्य व्यक्तिद्वारा व्यक्त भेल बातसँ मतदाताक स्तर प्रतिवद्धताक पता चलैछ । मतदान केन्द्रक वातावरण प्रायः शान्त आ भयरहित छल। राजनीतिक दलक उमेदवार, कार्यकर्या तथा समर्थकसभक बीच प्रचार–प्रसारके क्रमसँ चुनाव सम्पन्न होबएधरि कोनो तेहन अप्रिय घटना नहि घटल ताहिसँ आचारसंहिताक सेहो पालन भेल छल, से कहल जा सकैछ । समग्रमे मकवानपुर जिलामे शान्तिपूर्ण ढंगसँ निर्वाचन सम्पन्न भेल छल जे शान्ति सुरक्षाक नीक स्थितिक परिचायक अछि । विभिन्न राजनीतिक पार्टीद्वारा

संचालन कएल चुनावी कार्यक्रममे कहीं नेकपा एमालेके कार्यकर्तासब पिटएबाक छिटफुट घटना मात्र भेल छल, जधन्य हिंसाक स्थिति नहि छल आ तैं निर्वाचन सन्तोषजनक रूपमे सम्पन्न भेलाक पश्चात् मतगणना कार्य सेहो सामान्य विवादक बीच हिंसारहित रूपमे शान्तिपूर्ण अवस्थामे सम्पन्न भेल छल।

## ४.१३ ललितपुर

शहरी, शिक्षित आ मध्यमबर्गीय मतदाताके बाहुल्य रहल ललितपुर जिलामे टेलिभिजन, रेडियो, पत्रपत्रिका, एफ एम रेडियोके पहुँच होएबाक कारण मतदाताके चेतनाक स्तर अत्यन्त उच्च श्रेणीक छल । मनोनयन प्रक्रिया फागुन १३ गते सम्पन्न भेल छल। आठ बरिसबाद मतदानमे सहभागी होएबाक अवसरके कारण मतदातासंगे पहिल बेर मतदान कएनिहार युवा, विद्यार्थी बड उत्साहित छल । जकरा निर्वाचनप्रतिक पूर्ण प्रतिबद्धता कहल जा सकैछ । सम्पूर्ण मतदान केन्द्रक वातावरण उत्साहप्रद छल । अनुपस्थित मतदाता के नामपर दोसर द्वारा मतदान, देवालपर लिखनाई, चुनावीद्वार निर्वाण सन आचारसंहिता विपरीतके काम भेल छल। शान्ति सुरक्षाके व्यवस्था सन्तोषजनक छल। ललितपुरमे निर्वाचन जन्य कोनो हिंसा त नहि भेल छल मुदा दक्षिण भेगके गाविसमे नेकपा माओवादीके कार्यकर्ता सव आन दलसवके प्रचार–प्रसार कार्य नहि करए देने छल तथा निर्वाचनके दिनमे सेहो अन्य दलके मतदातासबके अवरोधित कए मतदान कार्यके प्रभावित कएने छल । मतगणना कार्य शान्तिपूर्वक आ समस्यारहित ढंगसँ सम्पन्न भेल छल ।

## ४.१४ काभ्रे

काभ्रे जिलामे राजनीतिक दलके कार्यकर्ताके तुलनामे मतदाता बेशी सचेत देखल घेल छल। खुर्पी–कोदाइर चलावएवलासँ किसान, मजदूर, शिक्षित, विद्वान, समजसेवी, वकील, कर्मचारी सब क्षेत्रक व्यक्ति अपन मताधिकारके प्रयोग करबाक लेल प्रतिबद्ध छल । अई जिलामे मतदाता सभक जनचेतना संविधानसभा निर्वाचन प्रति उच्च श्रेणिक छल । फागुन १३ गते मनोनयन दर्त्ता कार्य विबाद रहित रूपमे सम्पन्न भेल छल। आर्थिक दृष्टि सँ सम्पन्न एहि ठामक मतदातासब आत्मनिर्भर अछि आ तैं राजनीतिक रूपमे प्रतिबद्ध छल । मतदान केन्द्रक वातावरण अनुकूल आ शान्तिपूर्ण छल । आचारसंहिताके पालन सब दलद्वारा कएल गेल छल। शान्ति सुरक्षाक स्थिति नागरिकसभक संलग्नताक कारण प्रभावकारी छल। क्षेत्र नं. १ के मेचछे, कानपुर खार्चचोक, बुचारणवी गाविसके मतदान केन्द्रमे नेकपा माओवादीके एकपक्षीय रूपमे मतदान करबाक चर्चा छल। सामान्य विवादक अतिरिक्त राजनीतिक हिंसा नहि भेल छल। मतगणना कार्य सामान्य अवस्थामे सुविधायक्त ढंगसँ सम्पन्न भेल छल ।

## ४.१५ धादिङ्ग

धादिङ्ग जिलामे मतदातासव संविधानसभा निर्वाचनप्रति कतेक सचेत छल तकर उदाहरण बहुतो मतदानकेन्द्रमे मतदातासब भोरे ४ बजे पहुँच क पंक्तिबद्ध भए भैस गेल बात अछि। उमेदवारके मनोनयन दर्त्ता उल्लासपूर्ण वातावरणमे भेल छल । दलित आदिवासी, जनजाति आ पछुआएल बर्गक मतदातासबमे तेहन विवेक नई होएवाक कारण विभिन्न राजनीतिक दलसबक व्यक्ति कार्यकर्त्ता ओकारसवके भुलभुलैयामे रखवाक पर्याप्त कोशिस कएने छल । मतदान केन्द्रक वातावरण व्यवस्थित, अनुकूल शान्तिपूर्ण छल । किछु स्थानपर छिटफुट रूपमे आचारसंहिता उल्लंघनके घटनासव भेल छल। समग्रमे जिलाके शान्तिसुक्षाके स्थिति नीक छल।

राजनीतिक अवस्थाके ततेक सन्तोषजनक नइ कहल जा सकैछ कारण राजनीतिक दलसबबीच प्राय: धादिङ्ग जिल्लाके तीनू निर्वाचन क्षेत्रमे झडप भेल छल। लापाङबेशीमे मतपेटीके तोडफोडक खबर सुनलापर माओवादी कार्यकर्तासब प्रहरी चौकी भितर प्रवेस कए सब मतपेटिके बाहर आइनकए जरा देने छल जाहिसँ जिलाके ६ गाविसके २७ मतदानकेन्द्रमे २०६५ बैशाख ७ गते पुन: निर्वाचन भेल छल । एमाले, नेपाली कांग्रेस बीचके झडपमे फर्सा, खुकुरी, तलवारक प्रदर्शन भेलापर चैत २६ गते जिलाके सदरमुकाम धादिङ्ग वेशी बजारमे प्रात: १०.०० बजेसँ दिनके २.०० बजेतक स्थिति नियन्त्रणकरवाक लेल कर्फ्यू लगाओल गेल छल । समग्रमे मतगणना कार्य शान्तिपूर्ण रुपमे सम्पन्न भेल छल ।

## ४.१६ सिन्धपाल्चोक

२०६४ साल चैत २८ गते संविधानसभा सदस्यके निर्वाचन कार्य अपेक्षाकृत शान्तिपूर्वक सम्पन्न भेल छल। तीन गोट निर्वाचन क्षेत्र अन्तर्गत सिन्धुपाल्चोक जिलाके ७९ गाविसमे ३२४ मतदान केन्द्रमे प्रत्यक्ष आ समानुपातिक तरफक मतदान भेल छल । मतदान मे खासक पुरूषक तुलनामे महिला सहभागीसव बेशी उत्सुक देखल गेल छल । उमेदवारक मनोनयन दर्त्ता करवाक दिन नेकपा एमाले आ नेकपा माओवादी बीच दूतरफा भिडन्त भेल छल । दुनु तरफक १५ नेता, कार्यकर्त्ता सामान्य रूपमे घायल भेल छल। नाराबाजीके क्रममे एक-दोसर विरूद्द भेल झडपक नियन्त्रण सुरक्षाकर्मी आ दुनुक दलक नेताक प्रयाससँ ४५ मिनट बाद मात्र सम्भव भेल छल। मतदातासभक स्तर आ प्रतिवद्धता विभिन्न स्तरक पर्यवेक्षकके अनुसार उच्च स्तरक छल। मतदान केन्द्रक वातावरणके सम्बन्धमे ई कहल जा सकैछ जे मतदानके दू दिन पहिनहिसँ राजनीतिक दलके कार्यकर्त्ता, नेता तथा समर्थक मतदातासबके माओवादी धम्की देने छल आ तैं राष्ट्रीय तथा अन्तरराष्ट्रीय पर्यवेक्षकसभक पर्यवेक्षण अनुसार मुर्दा शान्तिके रूपमे मतदान भेल छल। मतदाताके निश्चिन्त भए मतदान करबाक अवस्था नहि छल कारण एक्के व्यक्ति के १२ सँ १५ बेर तक फर्जी मत खसएबाक बात मतदान केन्द्रसबमे खटल पर्यवेक्षक सब बतौने छलाह । मतदानमे ९-१० बरिसके बालकसब सेहो लाईनमे राखल गेल छल । निर्वाचन वैधानिक रूपमे शान्तिपूर्ण भेल देखलाके बादो वैध कब्जाके रूपमे चुनाव सम्पन्न भेल छल । शान्ति सुरक्षाके स्थिति आ व्यवस्था पर्याप्त नहि छल आ तैं निर्वाचन माओवादी पक्षक प्रभावमे सम्पन्न भेल छल ।

## ४.१७ नुवाकोट

नुवाकोटमे मतदातासबमे निर्वाचनप्रति जनचेतना छल । विभिन्न दलक तथा स्वतन्त्र उमेदवारसब निर्धारित प्रक्रिया अनुसार समयमे सम्वन्धित निर्वाचन कार्यालयमे जा कए अपन-अपन नाम दर्त्ता करौने छल । मतदान केन्द्रमे पर्यवेक्षकसबके प्रवेश सहज नहि छल । अनतरराष्ट्रीय पर्यवेक्षकसबके संख्या कम होएबाक कारण सब स्थानक वास्तविक अवस्थाके चित्रण नइ कएल जएवाक अवस्था देखल गेल छल। क्षेत्र नं. २ के मतदान केन्द्रमे मतदान अदिकृतके हस्ताक्षर विनाके मतपत्र देखल गेल छल। सब मतदान केन्द्रमे दलक प्रतिनिधि उपस्थित नहि छल । मतदाता सूचीमे जकर नाम नइ छल सेहो मतदान कएने छल ई सब बात आचारसंहिताक पालन कतेक भेल छल, तकर प्रतीक अछि। निर्वाचन क्षेत्र नं १ के मदानपुर गाविस अन्तर्गत गाविस भवन केन्द्र "क, ख, ग, घ, आ ङ" मे मतदान कार्य अवरोधित भए पुनः २०६५ बैशाख ५ गते मतदान भेल छल । मतपेटी मतदान अधिकृत आ सुरक्षाकर्मी साथे नइ आनल गेल छल आ मतपेटीके सीलसब टुटल छल । एहि आधारपर ओहि ठामक संविधानसभा निर्वाचनक अवस्था आ प्रकृति सम्बन्धमे आकलन कएल जा सकैछ ।

## ४.१८ तनहुँ

तनहुँ जिलामे स्वस्तिक छाप लगावएके स्थानपर औंठा छाप लगौनाई, दू अलग-अलग मतपत्रपर छाप लगएबाक स्थानपर एक्के गोट मतपत्र पर दू गोट चेन्हपर चाप लगौनाई जनचेतानमे कमी रहल बातक प्रतीक अछि। जिलाके तीन निर्वाचन क्षेत्रमे राजनीतिक दल स्वतन्त्र उमेदवारसब निर्धारित समयमे मनोनयन पत्र दर्ता कएने छल । मतदातासबमे शान्तिप्रति बेशी मोह छल, जकरा प्रतिवद्धतास्वरूप लेल जा सकैछ । समग्रमे मतदान केन्द्रक वातावरण अपेक्षा अनुरूप छल। पर्यवेक्षकके सेहो आचारसंहिताके ख्याल नहि करैत देखल गेल छल। जिलाके तीन निर्वाचन क्षेत्रके किछु गामसबमे जिम्मेवार दलके तरफसँ मतदातासभके अपना पक्षमे मत नइ देलापर कारवाई करबाक आ निर्वाचन पश्चात दुख, देबाक मानसिक यातना देल गेल बातक जानकारी मतदातासबद्वारा कराओल गेल छल। समयमे निर्वाचन शान्तिपूर्वक सम्पन्न भेल छल तहिना मतगणनाक अवस्था आ प्रक्रिया सेहो ब्यबस्थित छल ।

## ४.१९ गोरखा

गोरखा मे सेहो आम मतदातासबमे संबिधानसभा सदस्य निर्वाचनप्रति उच्च चेतना छल । राजनीतिक दलसब समयमे उमेदवारी दर्त्ता करौने छल। मतदातासबमे निर्वाचनप्रति प्रतिबद्धता छल । मतदान केन्द्रक वातावरण सुविधाजनक आ अनुकूल छल तइओ आचारसंहिता उल्लंधनक छोटछीट घटनासब भेल छल। समग्रमे गोरखा जिलामे संविधानसभा सदस्य निर्वाचन शान्तिपूर्ण रूपमे सम्पन्न भेल छल। अई जिलाके क्षेत्र नं. ३ के उत्तर क्षेत्रके दुर्गम गाविसमे माओवादीके कार्यकर्त्ता नेपाली कांग्रेसके कार्यकर्ताके मतदान केन्द्रके प्रतिनिधिसभक परिचयपत्र छीनकए फाइर देने छल। निर्वाचन सम्पन्न भेलापर नेपाली कांग्रेस, एमाले आ राप्रपा द्वारा क्षेत्र नं १ आ २ के किछु मतदान केन्द्रमे धाँधली होएबाक कारण मतगणना नहि करबाक लेल निर्वाचन आयोगमे

निवेदन देने छल, जाहि सम्वन्धमे निर्वाचन आयोगद्वारा औपचारिक प्रक्रिया पूरा कैलाके बाद सर्वदलीय बैठक बजाकए मतगणना कार्य समपन्न कएल गेल छल ।

## ४.२० स्याङजा

स्याङ्जा जिलामे संविधानसभाके विषयमे मतदातासबमे चेतनाके स्तर कम रहल बातक पुष्टि ओहि जिलाक निर्वाचन क्षेत्रनं १ मे २३३३ मत(४.४३%), क्षेत्रनं २ मे २४७१(५.१०%) आ क्षेत्र नं ३ मे २१४४(४.०८५%) मत बदर भेलासँ स्पष्ट अछि । निर्वाचन अधिकृतके कार्यालयमे क्षेत्र नं १ मे ११ दल, क्षेत्रनं २ मे १४ दल आ क्षेत्र नं ३ मे १० दल अपन अपन उमेदवारी समयमे दर्त्ता करौने छल । राजनीतिक दलसबके चुनाव मे जिताकए पठौलोपर दैनिक जीवनमे कोनो उत्थान नहि भेल आ देशमे आर अस्थिरता, हत्या तथा हिंसाके राजनीतिसँ आक्रान्त भेल जनतासब राजनीतिके घृणाक स्थितिमे महसूश करबाक कारण परिवर्त्तन सम्बन्धमे तेहन जानकारी नहि छल। एहि जिलाक क्षेत्र नं १ मे १३१, क्षेत्र नं २ मे १२२ आ क्षेत्र नं ३ मे ११४ मतदान केन्द्रक अतिरिक्त अस्थायी मतदान केन्द्रके रूपमे जिलाके सदरमुकाममे कर्मचारी मिलन केन्द्र, सेनाके गुल्म आ जेल समेतमे १-१ कए ३ गोट मतदान केन्द्र मतदातासभक सुविधाक लेल राखल गेल छल । आचारसंहिताके उल्लंघन करएबला दलमे नेकपा माओवादी अगाडि देखल गेल छल । मतदान केन्द्र सबमे माओवादी कार्यकर्त्ताके धाक छल । नेकपा एमालेके प्रतिनिधिके ‘एना भेलोपर किए चुप लाइग क बैसल छी ? ‘पुछलापर–‘अही गाममे रहके अछि त किए विरोध क खतरा मोल लु ‘ कहि कए उत्तर देलासँ कोन प्रकारक मतदान भेल छल, से स्पष्ट होइछ । एक्कै महिला ४ बेर मतदान कएने छलीह आ ताहि प्रकारक स्थिति आनो ठाम छल। कोनो मतदान केन्द्र नेकपा (माओवादी) के ‘सेल्टर’ सन लगैत छल। एहि प्रकार आचारसंहिताक उल्लंघनक घटना सब देखल गेल छल। हिंसारहित आ शान्तिपूर्वक निर्वाचन सम्पन्न करबमे सुक्षाकर्मीके योगदान उल्लेखनीय दल । कोनो प्रकारक अप्रिय घटनासब निर्वाचनके क्रममे नहि भेल छल।

जिलाभरिसँ सम्पूर्ण मतपेटी संकलन भए गेलाके बाद २९ गते दिनके १.५५ बजेसँ प्रत्यक्ष तरफके मतगणना शुरू कएल गेल छल। जिलाके तीनू क्षेत्रके निर्वाचान अधिकृतके कार्यालय जिला अदालत स्याङजा आ अदालतस सटले उत्तर बालमन्दिरमे मतगणना कार्य सम्पन्न कएल गेल छल। सर्वसाधारणके जानकारीके लेल बजारके भीमसेन चौक सहित आनो ठाममे ‘लाउड स्पीकर’ राखल गेल छल आ समय समय पर मतगणना के नतीजा सुनाओल जाइत छल। प्रत्यक्ष तरफके नतीजा घोषणाके बाद विजयी उमेदवारके सम्बन्धित क्षेत्रके निर्वचान अधिकृतद्वारा प्रमाणपत्र प्रदान करैत अवीर लगाकए बधाई देल गेल छल। निर्वाचन क्षेत्र नं. १ सँ ने क पा एमाले के हितकाजी गुरूङ्ग, क्षेत्र नं २ स नेपाली कांग्रेसके गोपालमान श्रेष्ठ आ क्षेत्र नं ३ सँ नेपाली कांग्रेसके मोहन पाण्डे विजयी घोषित कएल गेल छलाह।

## ४.२१ कास्की

कास्की तुलनात्मक रूपमे शैक्षिक आ आर्थिक दृष्टिसँ अगाडि रहलाके कारण जनजीवनमे त्राशके स्थिति भेलोपर यथार्थमे कोनो असामान्य घटना नहि भेल आ जनमानसमे व्याप्त त्राश

निर्वाचनके सफल बनौलक। कास्की जिलामे जनचेतनाक स्तर, गुणात्मक रूपमे उच्च छल आ तैं निर्वाचनमे मतदाताके सहभागिता बेशीछल। उमेदवारसभक मनोनयन प्रक्रिया फागुन १३ गते शान्तिपूर्ण रूपमे सम्पन्न भेल छल । सामान्य त्राशक वातावरण रहलोपर मतदातासब मतदानप्रति प्रतिबद्ध छल । मतदान केन्द्र क वातावरण अनुकूल आ सुविधाजनक छल । आचारसंहिताके उल्लंधनमे नेकपा(माओवादी) सबस अगाडि छल। विदेश गेल ब्यक्तिके नामपर मतदान करएमे सेहो माओवादी अंग्रपंक्तिमे देखल गेल छल। मतदान स्वतन्त्र रूपमे भेल छल तथापि कास्कीके सर्दिखोला गाविसमे नेकपा(माओवादी) मतदातासबके धम्किऔने छल आ खतरा अछि कहिक त्रशित बनौने छल त नेपाली कांग्रेस आ नेकपा एमाले पैसा देव आ विकास निर्माणके कामसब, रास्ता बना देव कहि भोट मङने छल। सबेरे ६ बजे सव मतदातासब पंक्तिबद्ध भए संविधानसभा सदस्य निर्वाचनमे सहभागी भेल बात शान्ति सुरक्षाक स्थिति ठीक छल, तकर प्रतीक अछि। कोनो प्रकारक राजनीतिक हिंसा नहि भेल आ अन्तमे मतगणना कार्य विवादरहित तरीकासँ सम्पन्न भेल छल।

## ४.२२ नवलपरासी

नवलपरासीमे मिडियासबद्वारा स्थानीय भाषामे कार्यक्रम संचालन भेलासँ मतदातासबमे आत्म विश्वास बढल छल आ जनचेतनाके स्तर सेहो ब्यापक छल। उमेदवारक मनोनयन फागुन १३ गते ५१ गोटे आ २३ गते ५५ गोटे सहित कुल १०६ ब्यक्ति उमेदवारी दर्त्ता करौने छल जाहिमेसँ पाछा २३ ब्यक्ति उमेदवारी फिर्त्ता लेने छल। मतदाता स्तर सामान्य प्रकारक छल। मतदान केन्द्रक सौहार्द्रपूर्ण आ उत्साहप्रद होएबाक कारण होहल्ला आ धाँधलीरहित वातावरणमे मतदान कार्य सम्पन्न भेल छल। मतदान केन्द्र भीतर धम्किअएवाक आ डेरएबाक सन कोनो गतिबिधि नहि भेल छल । प्रवेशद्वार निर्माण आ सवारी साधनक दुरूपयोग प्रशस्त देखल गेलोपर आचारसंहिताक पालन किछु अपवादक अतिरिक्त पूर्णता दिश उन्मुख छल । सुरक्षाके विभिन्न तरीका अपनाओलगेल छल । दुर्गम क्षेत्रमे हवाई सुरक्षा गस्ती कएल गेल छल । समग्रमे शान्ति सुरक्षाक व्यवस्था सन्तोषप्रद छल ।

राजनीतिक हिंसाक अवस्था आ प्रकृति के दृष्टिसँ देखलापर मतदानपूर्व चैत २७ गते १०.४५ बजे बाईसीइलद्वारा एमाले उमेदवार बैजनाथ चौधरीके गाडीपर आक्रमण कए नोकसान पहुँचौने छल आ चालक वीरेन्द्र यादव के हाथपर रौड प्रहार कए घायल कएने छल। सुनवल गाविस वार्ड नं ६ के मतदान केन्द्रसँ बाई सी एल कार्यकर्त्ताके हथियारसहित नियन्त्रणमे लेल गेल छल । चैत २४ गते कुश्मा गाविस ३ मे नेपाली कांग्रेस आ मधेशी जनअशिकार फोरम बीच झडप भेलापर फोरमके ४ आ कांग्रेसके ५ कार्यकर्ता घायल भेल छल। चैत १४ गते राष्ट्रीय जनमुक्ति पार्टीके उमेदवार जिप दुर्घटना मे ३ गोटेके मृत्यु आ ७ गोटे घायल भेल छल। निर्वाचनके दिनमे राजनीतिक हिंसाके कारण मतदान स्थगित नहि भेल मुदा कर्मचारीके गल्तीके कारण लोकसेवा नि मा वि वसन्तपुर तमसारिट–५ मे मतदान स्थगित भए पुन: २०६५ बैशाख १ गते सम्पन्न कएल गेल छल । मतगणना कार्य सहज वातावरणमे सम्पन्न भेल छल।

## ४.२३ रूपन्देही

रूपन्देहीमे संविधानसभा सदस्य निर्वाचनके समयमे मतदाता सब पंक्तिवद्ध भए मतदान करबाक लेल सचेत एवं जागरूक छल। निर्वाचनमे मुख्य रूपस राजनीतिक दलेसभक तरफसँ उमेदवारी दर्त्ता कएल गेल छल तथापि प्राय: हरेक निर्वाचन क्षेत्रसँ आचारसहिंताके विपरीत आचारसंहिताद्वारा निर्धारितसँ बेशी सामग्री एवं साधनश्रोत जुटएबाकलेल डमिके रूपमे राजनीतिक दलेके उमेदवारसवके स्वतन्त्र उमेदवारके रूपमे उठाओल गेल बात व्यापक रूपमे जनमानस समक्ष पहुँचल छल । मतदाता सभक लेल अनुकूल छल । मतदान केन्द्रके वयवस्थापनमे कोनो खास कमी कमजोरी नहि देखल गेल छल। आचारसंहिताके उल्लंघन करबासँ माओवादी निर्वाचन आयोग, अन्य राजनीतिक दल, नागरिक समाज सरकार सेहो नहि रोकि सकल छल, सब लाचार भएगेल छल । जिलाके दक्षिणी भाग खासकए भारतीय सीमानासँ जुडल गाविससबमे मधेशबादी सशस्त्र समूहस मतदान नहि करबाक लेल डर त्राश देखबैत धम्किआबएके काम करितो मतदानके दिन कोनो खास हिंसात्मक घटना नहि होएबाक कारण नीकस मतदान कएने छल । अनुपस्थित मतदाताके नामपर दोसर नक्कली मतदातासबद्वारा मतदान करएबामे प्राय: सबदलक संलग्नता प्राय: सब स्थानपर देखल गेल छल। एकस बेशी पर्यवेक्षकके तरफस एक्के ब्यक्ति विभिन्न मतदान केन्द्रमे अलग-अलग प्रकारक परिचयपत्र, टोपी आ जर्सी लगाकए पर्यवेक्षण कएने छल।

जिलाके उत्तरी भागमे, जाहि ठाम पहाडी जातिके ब्यक्तिके घनत्व अछि, ताहि ठाम नेकपा माओवादीके भ्रातृसंगठन वाई सी एल आ भारतीय सीमानस जुडल दक्षिण क्षेत्रमे मधेशवादी सशस्त्र समूह मतदानके दिनस पहिने तक बल प्रयोग करैत, डर-धम्की दैत मतदातासबके आतंकित कए मनोबैज्ञानिक रूपसँ प्रभावित कएलाक कारण कतेको मतदाता मतदान नहि करए गेल छल । निर्वाचन प्रक्रिया शुरू भेलोपर ओही क्रममे लूटपीट, कुटपिट, अपहरण, भौतिक संरचना तोडफोड करएवला संगठित व्यक्तिके प्रहरी प्रशासन पकडलोपर राजनीतिक दबाबके कारण स्थानीय प्रशासन आ प्रहरी द्वारा कानूनी कारबाई नहि कए छोडि देबाक कारण मतदाता सभक मनोबल गिरल छल। मतदानके दिन प्रशस्त मात्रामे सुरक्षाकर्मी परिचालन कएलाके बादो आमजनता अपनाके सुरक्षित नहि महशूस करै छल । सुरक्षा व्यवस्था विश्वसनीय आ उपयुक्त प्रकारक नहि छल। मतगणना कार्य विधिपूर्वक आ पारदर्शी तरीकास सम्पन्न भेल छल। समग्रमे चुनाव के विधिसम्मत आ शान्तिपूर्वक ढंगस भेल मानल जा सकैछ।

## ४.२४ पाल्पा

संविधानसभाके विषयमे जनचेतना फैलएबाक लेल निर्वाचन आयोग किछु कार्यक्रम संचालन कएने छल मुदा पाल्पा स्थित संचार माध्यम एफ एम सब बेशी भूमिका खेलने छल । निर्वाचनसँ पहिने पाल्पास्थित निर्वाचन अधिकृतके कार्यालय के पदाधिकारी, पर्यवेक्षण करबला संस्था विशेषत: जिओकके जिला पर्यवेक्षक सभक अन्तर्वार्ता, अन्तरक्रिया आ सुसूचित करावएवला कार्यक्रम बेर –बेर रेडियो,एफ एम मार्फत प्रसारण कएल गेल छल । संविधानसभा सदस्य उमेदवारके मनोनयन आ दर्त्ता निर्धारित प्रक्रिया अनुसार सम्पन्न भेल छल । किछु मतदाता संविधानसभाके महत्व बुझि बिदेशस सेहो मतदान करए आएल छल । पुरूषक तुलनामे

महिलाके सहभागिता बेशी छल । पाल्पा जिलामे चारिगोट एफ एम रहबाक कारण विभिन्न कार्यक्रमके प्रसारण भेलासँ मतदातासभक प्रतिवद्धता बढल छल । मतदान केन्द्र अनुकूल स्थानमे राखल गेल छल । कोनो कोनो स्थानपर निर्वाचन केन्द्रके क्षेत्र बेसी चौरगर आ एके स्थानपर बेशी मतदान केन्द्र रखबाक कारण सुरक्षाकर्मीके अभाव महशूश कएल गेल छल । सवारी साधनके बेशी प्रयोग, उमेदवारऊपर डर, त्राश मनोबैज्ञानिक दबाब व्याप्त होएबाक कारण आचारसंहिताक पालन आंशिक रूपमे मात्र भेल छल । शान्ति सुरक्षाके ब्यबस्था ठीक छल । राजनीतिक हिंसाक अबस्था आ प्रकृतिके दृष्टिसँ २०६४ चैत ७ गते राति ११.३० बजे पाल्पा निर्वाचन क्षेत्र नं ३ के विकट गाविस सिद्धेश्वरमे भेल कुटपीटके घटनामे एक महिला आ एक पुरूष घायल भेल छल । पत्रकार सम्मेलनमे नेपाली कांग्रेस माओवादी कार्यकर्तापर दोष लगौने छल मुदा माओवादी पक्षस घटना अपन कार्यकर्तासँ नहि भए अज्ञात समूहसँ भेल कहि खण्डन कएने छल । मतगणना कार्य सामान्य विवादक अतिरिक्त विना अवरोधके सम्पन्न भेल छल ।

## ४.२५ अर्धाखाँची

अर्धाखाँचीमे निर्वाचन कार्यालय मतदाता शिक्षा कार्यक्रम, पोस्टर तथा हाथे पम्पलेट मार्फत संविधानसभाके विषयमे जनचेतना फेलौने छल । किछु गाविसने सर्वनाम नाटक समूह सडक नाटक प्रदर्शन क प्रसार कएने छल । मध्यम वर्गीय शिक्षित समुदाय निर्वाचनप्रति सचेत छल मुदा दलित आ ग्रामीण क्षेत्रके कृषकमे सचेतताके कमी छल । उमेदवार मनोनन दर्ता प्रक्रिया निर्धारित समयमे सम्पन्न भेल छल । बेर-बेर निर्वाचनके तिथि परिबर्तित भेलाके कारण चिन्तित भेलाके बादो मतदातासवमे प्रतिवद्धता देखल गेलछल । १८ बर्षसँ २६ वर्ष तकके समूहके मतदातासब बेशी उत्साहित छल । आचारसंहिताके पालन सवपक्षसँ आंशिक रुपमे भेल छल । जिला भरिमे सशस्त्रके १६ गोट मोबाइल गस्ती परिचालित रहलाके बादो मतदाता तथा कर्मचारीसब शुरूमे कम आशावादी छल मुदा निर्वाचन शान्तिपूर्ण रूपमे सम्पन्न भेल छल ।

राजनीतिक हिंसाक अवस्था आ प्रकृतिक दृष्टिसँ उमेदवार मनोनयन आ दर्तासँ दू दिन पहिने चुनावी प्रचार–प्रसारके क्रममे नुवाकोट गाविस क्षेत्रनं २ मे नेकपा एमाले आ नेकपा (माओवादी) बीच झडप भेलापर नेकपा माओवादीके एक कार्यकर्ताके मृत्यु भेलापर दलसव बीचके धैर्यता, सहनशीलता आ सहमतिके कारण आन कोनो हिंसा नइ भेल । मतगणना कार्य बैशाख ३ गते सँ शुरु भए बैशाख ८ गते समाप्त भेल छल । निर्वाचन क्षेत्र नं १ सँ ने क पा माओवादी के टोपबहादुर रायमाझी तथा क्षेत्र नं २ सँ नेपाली कांग्रेसके पुष्पा भुसाल निर्वाचित घोषित कएल गेल ।

## ४.२६ बाग्लुङ्ग

संविधानसभाके विषयमे मतदातासबमे निर्वाचनप्रति ब्यपक उत्साह छल । किछु अपवादक अतिरिक्त मतदातामे खुशी आ जागरूकता छल । उमेदवार मनोनयन आ दर्ता प्रक्रिया सामान्य रूपमे फागुन १३ गते सम्पन्न भेल छल । मतदातासभमे चेतनाक स्तर उच्च छल । बृद्ध, महिला अपाङ्ग सहित नगरपालिकाके वार्ड नं ९ तहरे पीपल केन्द्रमे ११० वर्षीया विष्णु कार्की

मतदान कयने छलीह । बाग्लुङ्ग क्षेत्र नं १ के मालिका, २ के सरकवा राङखानी ३ के खुंगामे आपसी विवादके कारण चैत २८ गते मतदान स्थगित भए पुनः बैशाख ५ गते मतदान सम्पन्न भेल छल । सुरक्षाकर्मीके उपस्थिति कम छल । किछु मतदान केन्द्रमे बालबालिका मतदान कएने छल, विदेश गेलके नामपर मतदान भेल छल आ मतदाताके निर्वाचन केन्द्र पहुँचएसँ पहिनहि दोसर गोटे ओकरा नामपर मतदान कए चल गए छल । मतदानकेन्द्रके वातावरण सामान्यतया शान्त देखलाके बादो कहीं कहीं स्थिति त्रसित प्रकारक छल । मतदान प्रक्रियामे १२ सँ १६ वर्ष तकके नावालक मतदाता उल्लेखनीय रुपमे छल । दोसरके नामपर मतदान कएनिहारक संख्या सेहो उल्लेखनीय छल । सामान्य बातपर सेहो दलके प्रतिनिधि सब विबाद श्रृजना कए मतदान स्थगित करए चाहैत छल । मतदाताके डर, त्राश आ धम्की सेहो उल्लेखनीय रूपमे देल देखल गेल छल । मतदान चलैत कालमे आपसी विवाद के कारण मतपेटी अन्यत्र लगेलाके कारण मतदान सेहो स्थगित भेल छल । तै । आचार संहिताके पालन कमजोर शान्ति सुरक्षा ब्यवस्था तथा मतदान केन्द्रके समुचित ब्यबस्थापनके अभावमे सन्तोषप्रद नहि छल । राजनीतिक हिंसामे मानव क्षति त नहि भेल मुदा हाथापाई आ झडप त भेले छल । मतगणना कार्य सामान्य विवाद होइतो परिणाम सार्वजनिक भेलाके बादे समाप्त भेल छल ।

## ४.२७ दांग

दांग जिलामे नेकपा माओवादीके आह्वानपर २०५२ सालसँ सशस्त्र विद्रोह शुरू भेल द्वन्दके प्रत्यक्ष अनुभव कएल जनता शान्ति चाहैत छल । विगतके निर्वाचनमे होइत आएल गोलीकाण्डक पुनरावृत्ति होएवाक संत्रास सेहो जनतामे छल । निर्वाचन आयोगद्वारा निर्धारित मिति-२०६४।११।१३ मे १० गोट राजनीतिक दल आ किछु स्वतन्त्र उमेदवार मनोनयन पत्र दर्ता कएने छलआ मिति-२०६।११।२३ मे अन्य ५ राजनीतिक आ किछु स्वतन्त्र व्यक्ति उमेदवारी दर्ता करौने छल । २०६४।१२।२६ गते लमही गोली काण्डमे ७ व्यक्तिके हत्या भेलोपर मत दातासव धैर्यतासाथ मतदान प्रक्रियामे प्रतिवद्ध भए निर्वाचन सम्पन्न कएने छल । समग्रमे मतदान केन्द्रके वातावरण मतदाता अनुकुल छल । आचारसंहिता उल्लंघन करवाक प्रयासके विफल करवाक लेल निर्वाचनस सम्वन्धित पक्षसवके एक्के स्थानपर राखि संयोजन कए न्यूनीकरण करवाक प्रयास कएल गेल छल । मतदातामे भय रहलाक कारण शान्ति–सुरक्षाके स्थिति प्रभावकारी नइ छल, से स्पष्ट छल । तराई-मधेशमे आन्दोलनरत दलद्वारा मिति २०६४।१२।२३ मे मनोनयन पत्र दर्ता कएलाके वाद राजनीतिक हिंसामे कमी आएल छल । राजनीतिक दलसवद्वारा निर्वाचनके प्रचार प्रसारके क्रम मे एक दोसरके उत्तेजित कएलाके कारण मिति २०६४।१२।८ के दिन नेकपा माओवादी आ नेपाली कंग्रेस समर्थित पक्ष वीच झडप भेलापर नेकपा माओवादीके क्षेत्र नं. ५ के उमेदवार सुषमा शर्मा घिमिरे सहित आनो गोटे घायल भेल छल । मिति २०६४।१२।२५ आ २६ गते लमहीमे गोली प्रहार भेलापर नेकपा माओवादी समर्थित ७ युवा मारल गेल छल आ २० गोटे घायल भेल छल । एहि प्रकार दांग जिलामे राजनीतिक हिंसाके अवस्था आ प्रकृति आन जिलासँ वेशी संवेदनशील छल । मतगणना कार्य २०६४।१२।२९ गतेसँ शुरू भए मिति २०६५।१।३ मे सम्पन्न भेल छल । मतगणनासँ पूर्व क्षेत्र नं. २ के नेपाली कांग्रेसके

उमेदवार कृष्णकिशोर घिमिरेके दू गोट निर्वाचन क्षेत्रमे पुनः निर्वाचनके लेल देल उजूरी अन्ततः मान्य नहि भेलापर मतगणना कार्य शान्तिपूर्ण रूपमे भेल छल ।

## ४.२८ बाँके

संविधानसभाके निर्वाचन भेलापर द्वन्दके अन्त होएत, जनजीवन सुरक्षित रहत, आर्थिक उन्नति आ विकास होएत ताहि आशासँ मतदातासव मतदानक तीव्रप्रतीक्षामे छल । फागुन १३ गते सँ १६ गतेधरि तराईमे संचालित विभिन्न राजनीतिक दलक आन्दोलनक कारण सरकार आ ओहि दलसभक वीच सम्झौता भेला पश्चात् पुनः २४ गते उमेदवारके मनोनयन पत्र दर्ता वास्ते समय वढाओल गेल छल आ तैं ओइ दिन उत्साहजनक रूपमे शान्तिपूर्ण तरीकासँ राजनीतिक दलसभक उमेदवार मनोनयन पत्र दर्ता करौने छल । मतदाता सभक स्तर आ प्रतिवद्धता सम्वन्धमे येहि वातसँ पता लगाओल जा सकैछ जे मतदातासभ राजनीतिक कदमसँ अपन हक अधिकार सुरक्षित कएल जाएत वा नहि, ताहि सम्वन्धमे प्रश्नोत्तर कार्यक्रम चलौने छल । संविधानसभाके निर्वाचन पश्चात् शान्ति होएत ताहि प्रति मतदातासव प्रतिवद्ध छल । मतदान केन्द्र अनुकूल वातावरणमे राखल गेल छल आ मतदानके क्रममे बृद्ध, अपाङ्ग आ अशक्त के प्राथमिकता देल गेल छल । आचारसंहिताक उल्लंघन अहु ठाम उल्लेखनीय छल । शान्ति सुरक्षाक प्रवन्ध होइतो मतदातासव सशंकिते अवस्थामे देखल गेल छल ।

चनाव प्रचार –प्रसारके क्रममे चैत ५ गते रा. ज. मो. के उमेदवार कमल प्रसाद अधिकारीके अज्ञात समूहद्वारा गोली प्रहार कए हत्या भेलाके कारण जिलामे तनावके वातावरण रजित भेल छल । कुछ समय वाद तनाव शान्त भेल छल । मतदानक दिन कोनो प्रकारक राजनीतिक हिंसा नहि भेल । मतदान सम्पन्न भेलाके बाद २९ गते सबेरे ८.०० बजे तकमे मतपेटी निर्वाचन कार्यालयमे पहुँचाओल गेल छल आ तकर बाद मतगणना सम्पन्न कए परिणाम घोषित कएल गेल छल ।

## ४.२९ सुर्खेत

सुर्खेतमे मतदातासवमे जनचेतना आंशिक रूपमे मात्र छल । उमेदवारसव निर्धारित समयमे मनोनयन पत्र दर्ता करौने छल । विभिन्न दलक प्रतितिधिसवद्वारा मतदाताके अपन-अपन पक्षमे प्रभावित करबाक लेल साम, दाम, दण्ड, बेद आछि सब प्रकारक रणनीतिसब व्यापक स्तरपर प्रयोग कएलाके कारण प्रतिवद्धता बढल छल । मतदान कार्य स्वतन्त्र, शान्त, निष्पक्ष एवं भयरहित वातावरणमे सम्पन्न भेल छल । आचारसंहिताक उल्लंघन अहु ठाम अग्रणी छल जकर प्रमाणस्वरूप ने.का.पा. माओवादीके पार्टीकार्यकर्त्ता ध्रुव कोइराला पार्टीके चुनाव चेन्ह प्रिन्ट भेल उज्जर टीशर्ट लगाक मतदान केन्द्रमे बैसल बातके लेल जा सकैछ ।

सुर्खेतमे मतदानक दिन किछु छोट-छीट घटना भेलोपर समग्रमे निर्वाचन शान्तिपूर्ण ढंगसँ सम्पन्न भेल छल । निर्वाचन क्षेत्र नं. १के उमेदवार ऋषिप्रसाद शर्माके चैत २६ गते भेल हत्या प्रकरण जिलाके शान्ति सुरक्षामे बाधक होएवाक प्रयास भेलोपर निर्बाचन आयोग सहित सम्बन्धित सब पक्षक सकारात्मक भूमिकाके कारण ओहि क्षेत्रक निर्वाचन बैशाख ७ गते

करबाक निर्णयसँ स्थिति सामान्य भेल छल । राजनीतिक हिंसाक अवस्था आ प्रकृतिके दृष्टिसँ मिति २०६४ ।१२ ।२६ के राइतमे नेकपा एमालेके उमेदवार ऋषिप्रसाद शर्माक मृत्यु भेल छल । आतंकके दृष्टिसँ निर्वाचन क्षेत्र नं. ३ के किछु विकट गाविस सवमे ने का पा(माओवादी) के कार्यकर्त्ताआन कोनो राजनीतिक दलके नेताके नइ जाए देने छल । आ मतदातासबके नेकपा माओवादीके भोट नइ देलापर भोट नइ देववलाके शिर काइटक झोलामे आ शरीरके खोलामे फेक देबाक धम्की संगहि हारलापर पहिनहिँ जकाँ चन्दा आतंक मचएबाक, घरजमीन, बाली कब्जा करबाक प्रकारक भौतिक यातना सहित धम्की देने छल । तकर बाबजूदो मतगणना कार्य सामान्य रूपमे सम्पन्न भए विजयी उमेदवारके घोषणा कएल गेल छल ।

## ४.३० जुम्ला

भौगोलिक रूपमे विकट आ पिछडल जिला आ कर्णाली अंञ्चलके सदरमुकाम जुम्लाके अधिकांश जनता निरक्षर आ गरीबीके रेखासँ नीचाके स्थितिमे जीवन बीता रहल अछि ।संविधानसभाके विषयमे जनचेतानमूलक कार्य क्रमसव व्यापक स्तर पर आयोजित कएलापर जुम्लाबासी चुनावमे भाग लेवाकप्रति प्रतिबद्ध छल । उमेदवारक मनोनयन पत्र निर्धारित समयमे दर्त्ता कएल गेल छल । मतदातासबमे चेतानक स्तर अपेक्षाकृत न्यून भेलोपर किछु मतदाता स्वफूर्त्त रूपसँ आ किछु दबाबसँ प्रभावित भए मतदानमे सहभागी भेल छल । मतदानकेन्द्रके वातावरण सहज नहि भेलाक कारण मतदातासबके मतदानमे कठिनाई भेल छल । आचारसंहिताक दृष्टिसँ राजनीतिक दलसब बातचीत आ भाषणमे ठीक रहलोपर सबके ब्यवहार सभक विपरीत छल । नेक पा माओबादीके कार्यकर्त्तासब अन्य दलके प्रतिनिधिसवके मतदान केन्द्रपर जाहु नइ देनै छल आ मतदान केन्द्र पर कब्जा जमा लेने छल । माओबादीके मतदानकेन्द्र सवपर कब्जा कएने देखकए किछु परयवेक्षक स्वयं नेकपा मोओवादीके प्रचार कए आचारसंहिता उल्लंघन कएने छल । शान्ति सुरक्षाके स्थिति त एहन छल जे सुरक्षाकर्मी माओवादीके ज्यादती देखकए मूकदर्शक बनल छल आ तकर कारण चुनावपर असर परल छल । समग्रमे शान्ति सुरक्षाक स्थिति बढ कमजोर आ निराशजनक छल । सुरक्षाकर्मी सेहो माओबादीके नियन्त्रणमे रहल देखल गेल छल जकर कारण मतदाता सव शान्तिपूर्वक मतदान नहि कए सकल छल । मतगणना कार्य औपचारिक रूपमे सम्पन्न भेला पश्चात निर्वाचन परिणाम घोषित कएल गेल छल ।

## ४.३१ मुगु

मुगुके जनतामे चेतना वृद्धि भेलोपर ओहि जिलाके विचित्र प्रकारके राजनीतिक परम्परा अनुसार निर्वाचनसँ एक दिन पहिने राजनीतिक दलसवद्वारा विभिन्न गामसे धामीस भविष्यवाणी करएबाक परम्परा छैक । धामीके एकटा गाममे एक दल आ दोसर गाममे दोसर दल धामीस कोनो दल जितत से भविष्यवाणी करबैछ आ प्रसादके रूपमे भोज खोआवके चलन संविधानसभा चुनावमे सेहो देखल गेल । मतदातासब निर्वाचन प्रति प्रतिबद्ध छल, कोनो राजनीतिक दल प्रति पूर्वाग्रही नइ छल । मतदान केन्द्रमे स्वयंसेवक, पर्यवेक्षक संस्थाके कर्मचारीसब खुलिकए प्रचार करैत, छाप लगवबैत,जबरदस्ती भोट खसएबाक लेल बाध्य करए प्रकारक शिकायत जियोकके राष्ट्रीय पर्यवेक्षक सेहो सुनने आ देखने छलाह । ताहि गतिबिधिके बिरोधमे ककरो बजबाक सेहो

प्रयास नहि करैत देखि GEOC के राष्ट्रीय पर्यवेक्षकके विरोध कएलापर ओ व्यक्ति मतदानकेन्द्रसँ बाहर गेल छल । मुगु जिविस भवनके अस्थायी मतदान केन्द्रमे महिला कर्मचारीसब मात्र मतदान कार्य कएने छलीह । ९ वर्षस १४ वर्षतकके बालबालिका सब मतदान केन्द्रमे मतदान कएने छल । एक घरस एक ब्यक्ति ककरो नामपर देओ अएला पर पठएबाक सर्वदलीय सहमति स्थानीय स्तरमे बनाओल गेल छल । मतदान अधिकृत सेहो बालबालिकाके मतदान करबास नइ रोकबाक बात बतौने छलाह । सब मतदान केन्द्रके चारूकात आ रास्ता तकमे मतदाताके प्रभावित कएल जाइत छल । शान्ति सुरक्षाके अभावमे नेकपा(माओवादी) बाहेक कोनो राजनीतिक दलके उमेदबार गाममे मत माङए नइ जा सकल छल । शान्ति सुरक्षा व्यवस्था एकपक्षीय छल । मतदानके दिन असामान्य पर्कारक कोनो राजनीतिक हिंसा नइ भेल ।

## ४.३२ कैलाली

कैलाली जिलामे संविधानसभाके विषयमे जनचेतना उच्च रहलाके बादो ग्रामीण क्षेत्रमे जनचेतनाके कमी देखल गेल छल । उमेदवारसब मनोनयन पत्र दर्ता निर्धारित दुनु दिन चैत्र १३ आ २३ गते कएने छल । मतदाता शिक्षाके अभावमे किछु मतदाता स्वस्तिक छापके जगहपर औंठा छाप लगौने छल । मतदातासबके मत खसएबाक लेल निक व्यबस्था कएल गेल छल । बृद्ध, अपांग आ अशक्त सबके प्राथमिकता देल गेल छल । किछु मतदान केन्द्रमे स्वयंसेवकके कमी छल । मतदानसँ पहिनहिं सम्पूर्ण मतदान केन्द्रके राजनीतिक कार्यकर्त्तासब आ मतदानमे खटल कर्मचारीसब बीच आपसी छलफल आ समझदारी भेलाके आंशिक आचारसंहिता पालन करैत निर्वाचन सम्पन्न भेल छल । शान्ति सुरक्षा प्रहरीके अपेक्षा राजनीतिक दलसवके सर्वदलीय सहमतिसँ भेल छल । कोनो खास प्रकारक राजनीतिक हिंसा नहि भेल छल । कैलाली मे ३ स्थानपर मतगणना कार्य भेल छल । क्षेत्र नं. २ आ ४ के मतगणना जिला विकाल समितिके कार्यालयमे, क्षेत्र नं. १,५ आ ६ के क्षेत्रीय स्वास्थ्य तालीम केन्द्रमे आ क्षेत्र नं. ३ के धनगढी नगरपालिका भवनमे भेल छल । प्रत्येक क्षेत्रक मतगणनामे १० कर्मचारी खटल छल आ ५० सुरक्षाकर्मी राखल गेल छल । मतगणनासँ पहिने सील नं. आ बक्सा देखल जाइत छल । २ गोट बक्सा एक्के बेर खोलि मतपत्र मिलाकए मतगणना कएल जाइत छल । जिलाके कुल मतदाता संख्या ४,७५,४३६ मे जम्मा २,८५,३५४ मत खसल छल जाहिमे कुल ११,५५७ मत बदर भेल छल । समग्रमे शान्तिपूर्ण वातावरणमे निर्वाचन सम्पन्न भेल छल ।

## ४.३३ बझांग

सदरमुकाम आ ओकर चारूकातके मतदाता अपेक्षाकृत सचेत छल मुदा पृष्ठ क्षेत्रके मतदाता तुलनात्मक रूपमे कम चेतनशील छल । उमेदबारक मनोनयन दर्ता प्रक्रिया फागुन १३ गतेसँ १७ गते तक निर्वाचन आयोगद्वारा निर्धारित प्रक्रिया अनुरूप शान्तिपूर्वक सम्पन्न भेल छल । मतदातासब निर्वाचन द्वारा गणतान्त्रिक नेपालके स्थापना होएत, ताहिप्रति प्रतिबद्ध छल । आन जिला जकाँ बझांगके जनता माओवादीसँ आक्रान्त नहि भेल छल । निर्वाचनपूर्व स्थिति अपेक्षाकृत शान्तिपूर्ण छल । कोनो दल निर्वाचनके भंग करबाक प्रयास नइ कएलक । कर्मचारी, सुरक्षाकर्मी, पर्यवेक्षक, स्वमंसेवक, मतदाता, पत्रकार सब अपन-अपन भूमिका आ दायित्वमे

रहबाक कारण चैत २८ गते मतदान कार्य अपेक्षासँ बेशी शान्तिपूर्ण ढंगसँ सम्पन्न भेल छल । प्रत्येक मतदान केन्द्रमे ८ से १५ तक प्रहरी परिचालित छल, हँ सांकेतिक उपस्थिति मात्र छल । राजनीतिक दलक गतिविधि जनताके अपेक्षासँ बेशी शान्तिपूर्ण आ सौहार्द्रपूण होएवाक कारण मतदाता हर्षित छल । दू गोट बिर्वाचन क्षेत्र रहल बझांगमे मतगणना सामान्य विवादके अतिरिक्त शान्तिपूर्ण रूपमे सम्पन्न भेल छल । नाबालकद्वारा मतदान, अनुपस्थित रहलके नामपर दोसरक भोट खसएबाक सहमति बनल छल त एकस बेशी वेर मतदान करएवला युवाके जमात बेशी छल । समग्रमे एतवे कहल जा सकैछ जे आचारसंहिताके पालन आंशिक रूपमे भेल छल ।

## ४.३४ कञ्चनपुर

कञ्चनपुर जिलामे विभिन्न संघसंस्था तथा राजनीतिक दलसवद्वारा जनचेतान वृद्धि करवाक लेल संविधानसभा निर्वाचन सम्वन्धमे बहुतो कार्यक्रम सभक आयोजना कएल गेल छल । उमेदवारक मनोनयनपत्र दर्त्ता निर्धारित समयमे विवादरहित रूपमे भेल छल । मतदातासब आंशिक रूमपे शिक्षित आ सजग छल ।मतदाता शिक्षा स्वयंसेवकसब गामक टोल-टोलमे जा कए मतदाता सबके संविधानसभा निर्वाचनके सम्वन्धमे नीकजकाँ जानकारी नइ करौने छल, तैं उदय मा वि वसन्तपुरमे किछु मतदातासब बिना छाप लगाओल मतपत्र सव बक्सामे खसौने छल । सदरमुकाममे मतदाता वेशी सचेत छल । प्राय: सब मतदान केन्द्र मतदातासभक सुविधा स्थानमे राखल गेल छल । पुरूष आ महिलाके लेल अलग-अलग लाएन छल । बृद्ध, अपाङ्ग, अशक्त सबके विना लाइनमे राखि मतदान करबाक व्यवस्थाल छल । मतदान स्थलमे सुरक्षाके नीक प्रबन्ध छल । किछु मतदान केन्द्र सबमे वाई सी एल के कार्यकर्तासब माथामे लाल फीता बान्हिक मतदान केन्द्र भीतर आ बाहर घुमैत देखल गेल छल । क्षेत्र नं. ३ के अन्तर्गतके घटल नि मा वि पोलखरि स्थलमे स्वयं सेवकसब मतदातासभक साथे गोप्य कोठरीमे जा कए मतपत्र सबपर छाप लगौने छल । क्षेत्र नं. १,२,३ आ ४ मे नेकपा (माओबादी) के कार्यकर्त्तासब किछु मतदान केन्द्रपर अपन चेन्हसाथ घुमैत छल, किछु पर्यवेक्षक सेहो आचारसंहिताके उल्लंधन करैत विभिन्न राजनीतिक दलसबके प्रचार अभियानमे संलग्न रहल छल । निर्वाचन के दिन विभिन्न पार्टीके कार्यकर्त्तासब कञ्चनपुरके क्षेत्र नं.१ आ २ के किछु गाविससबमे अनुमतिपत्र विना सबारी साधनसवके प्रयोग कए मतदातासबके मतदान स्थलपर पहुँचौने छल । निर्वाचन अवधिमे आचारसंहिताके पालन आंशिक रूपमे कएल गेल छल । शान्तिसुरक्षाके स्थिति ठीक रहलोपर मतदातासब आश्वस्त नहि छल । राजनीतिक हिंसाक कोनो घटना नइ घटल । मतगणना कार्य २०६४ चैत २९ गते शुरू भेल । पार्टी प्रतिनिधिसभक सहमति अनुसार मतगणनाके लेल नियुक्त कर्मचारीसबद्वारा मतगणना कार्य शान्तिपूर्ण तरीकासँ सम्पन्न भेल छल ।

## ४.३५ डडेलधुरा

डडेलधुरा जिलाके सब मतदान केन्द्रमे २०६४ चैत्र २८ गते के दिन शान्तिपूर्ण आ भयरहित वातावरणमे मतदान कार्य सम्पन्न भेल छल । उमेदवारक मनोनयन पत्र दर्ता कार्य निर्धारित अवधिमे सम्पन्न भेल छल । मतदातासब आंशिक रूपमे शिक्षित आ सजग छल । मतदान

केन्द्रक वातावरण मतदातासभक सुविधाके ध्यानमे राखि ब्यवस्थित कएल गेल छल । पुरूष आ महिला वास्ते अलग-अलग लाइन छल । वृद्ध, अपांग, आ अशक्त सभक लेल प्राथमिकता दए विना लाईनमे लगने मतदान करवाक व्यवस्था छल । राजनीतिक दल, नागरिक समाज, निर्वाचन आयोग, पर्यवेक्षक सभक दिशासँ आचारसंहिताके आंशिक पालन भेल छल । सुरक्षाके स्थिति सन्तोषजनक छल । सब मतदान केन्द्रमे मतदान कार्य ७.०० बजेसँ शुरू भेल छल आ प्राय: ४.०० अपराह्नतक सम्पूर्ण मतदाता मतदान कए चुकल छल । कोनो कोनो स्थानमे दोसरके नामपर मतदान करबाक प्रयास कएनिहारके लौटाओल गेल छल । केओ दोसरके नामपर मत नइ खसा सकल छल । डडेलधुरा जिलामे करीब ५६% मत खसल छल । कुल ८,५०० मत खसल छल, जईमे २५५ मत बदर भेल छल । बेशी बदर भेल मतपत्रमे दू गोट चेन्हपर छाप लागल, कोनोमे छापे नइ लागल छल त बेशीके पछाडि मसी लागल छल । राजनीतिक हिंसाक घटना नइ घटल छल । मतदानके दिनसँ किछु दिन पहिने माओवादी पक्षद्वारा त्राश देखाओल गेल छल मुदा मतदान के दिन तेहन कोनो घटना नई भेल । मतदान कार्य निष्पक्षरूपमे सम्पन्न भेलाके बाद मतगणना स्थलमे सव पर्यवेक्षक, पत्रकार आ मानवअधिकारीवादी सभक उपस्थितिमे मतगणना कार्य सम्पन्न भेल छल । संक्षेपमे डडेलधुरा जिलामे चुनाव सोचसँ नीक स्थितिमे सम्पन्न भेल छल ।

पर्यवेक्षण कायल ३५ जिलाके विवरणके निम्न अनुसारक सारांश तालिकामे प्रस्तुत कएल गेल अछः

## पर्यवेक्षत जिलासभक निर्वाचन वातावरण सारांश तालिका

| क्र. स. | जिला | संविधान सभाके विषयमे जनचेतना (१) | मतदाताक प्रतिबद्धता (२) | मतदान केन्द्रक वातावरण (३) | आचारसंहिताक पालन (४) | शान्तिसुरक्षाक स्थितिके श्रृजना (५) | राजनीतिक हिंसा (६) | निर्वाचनक स्वरुप (७) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| १ | झापा | मध्यम | उच्च | ठीक | उल्लंघन भेल | राजनीतिक दलसमक बीच समझदारी भेल | निर्वाचनपूर्व राजनीतिक दलसमक बीच भौतिक मुठभेड (एमाले आ माओवादी) | निर्वाचनपर माओवादीके प्रभाव हावी |
| २ | मोरङ | न्यून | सामान्य | सामान्य | उल्लंघन भेल | मतदातामे आन्तरिक भयके श्रृजना | राजनीतिक दलसबसँ मानसिक हिंसाके प्रभाव | निर्वाचनपर माओवादीके प्रभाव हावी |
| ३ | सुनसरी | मध्यम | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | उल्लंघन भेल | राजनीतिक दलसब बीच भेल झडपसँ अव्यवस्थित | निर्वाचनपूर्व राजनीतिक दलके कार्यकर्तासमक बीच झडपसँ मृत्यु तक भेल | निर्वाचनपर मधेशी जनअधिकार फोरमके प्रभाव हाबी |
| ४ | धनकुटा | मध्यम | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | उल्लंघन भेल | सुरक्षा बेसकैम्प आ चौकीके पुनर्स्थापना कए सामान्य बनाएबाक प्रयास | निर्वाचनपूर्व राजनीतिक दलके कार्यकर्तासमक बीच झडपसँ भेल | निर्वाचनपर माओवादीके प्रभाव हावी |
| ५ | संखवासभा | न्यून | उच्च | कमजोर व्यवस्थापन आ दूर रहल शिकायत | उल्लंघन भेल | सुरक्षाकर्मी परिचालन कए सामान्य बनएबाक प्रयास | माओवादीद्वारा एमाले कार्यकर्ता मारवाक धम्की | निर्वाचनपर माओवादीके प्रभाव हावी |
| ६ | सप्तरी | उच्च | उच्च | उचित व्यवस्थापन | आंशिक पालन | माओवादीद्वारा बुथ कैप्चर करवाक प्रयाससँ क्षेत्र १ के किछु मतदान केन्द्रमे निर्वाचन स्थगित | राजनीतिक हिंसाके सुरक्षाकर्मी द्वारा प्रभावहीन बनाओल गेल | निर्वाचनपर माओवादीके प्रभाव हावी |
| ७ | सिरहा | मध्यम | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | दोहरा आ नाबालक | सुरक्षाकर्मीक उपस्थितिसँ मनोवैज्ञानिक रुपमे सामान्य प्रभाव | राजनीतिक दल बिचके झडपसँ किछु केन्द्रमे पुनः दोसर बेर निर्वाचन | निर्वाचनपर मधेशवादी दलक प्रभावहावी |

| क्र.स. | जिला | संविधान सभाके विषयमे जनचेतना (१) | मतदाताक प्रतिबद्धता (२) | मतदान केन्द्रक वातावरण (३) | आचारसंहिताक पालन (४) | शान्तिसुरक्षाक स्थितिके श्रृजना (५) | राजनीतिक हिंसा (६) | निर्वाचनक स्वरुप (७) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ८ | धनुषा | उच्च | मध्यम | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | सवारी साधनक दुरुपयोग प्रवेशद्वार निर्माण, नाबालक मतदान | सुरक्षाकर्मीक व्यापक परिचालनसँ सामान्य | सुरक्षाकर्मी घुरि गेलापर राजनीतिक हिंसामे वृद्दि | निर्वाचनपर मधेशवादी दलक प्रभावहावी |
| ९ | दोलखा | उच्च | उच्च | सामान्य | मतदान उल्लंघन भेल | राजनीतिक दल वीचके झडपसँ शान्तिसुरक्षामे अवरोध पहुँचल | जिलाके विभिन्न मतदान केन्द्रमे एमाले आ माओवादी वीच झडप तथा वाई सी एल द्वारा खुकुरी प्रहार करवाक प्रयास | माओवादीके प्रभावहावी |
| १० | चितवन | उच्च | उच्च | सामान्य | मतदान उल्लंघन भेल | शान्तिसुरक्षा अव्यवस्थित भए मानसिक तनावक श्रृजना भेल | विभिन्न दल वीच द्वन्द आ झडपके कारण किछु मतदान केन्द्रमे पुन: दोसर बेर मतदान | माओवादीके प्रभावहावी |
| ११ | मकवानपुर | मध्यम | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | आंशिक पालन | अपेक्षित शान्तिसुरक्षा व्यवस्था | राजनीतिक हिंसाक छिटपुट घटना मात्र भेल | माओवादीके प्रभावहावी |
| १२ | ललितपुर | उच्च | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | पूर्ण पालनके अभाव | विकासक कारण शान्तिसुरक्षा भेल | राजनीतिक हिंसाक छिटपुट घटना मात्र भेल | माओवादीके प्रभावहावी |
| १३ | काभ्रे | उच्च | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | उल्लंघन भेल | दलसभक प्रतिवद्धताके कारण शान्तिसुरक्षा भेल | राजनीतिक हिंसाक छिटपुट घटना मात्र भेल | माओवादीके प्रभावहावी |
| १४ | धादिङ्ग | उच्च | उच्च | त्रासपूर्ण वातावरण | उल्लंघन भेल | राजनीतिक दलसब वीच भिडन्त | हिंसायुक्त निर्वाचन | माओवादीके प्रभावहावी |
| १५ | सिन्धुपालचोक | उच्च | उच्च(महिला सहभागिता बेशी) | त्रासपूर्ण वातावरण | उल्लंघन भेल | माओवादीके त्राससँ शान्ति सुरक्षा कायम भेल | हिंसायुक्त निर्वाचन | माओवादीके प्रभावहावी |
| १६ | नुवाकोट | उच्च | उच्च | सामान्य असुरक्षाक स्थिति | उल्लंघन भेल | त्रासपूर्ण वातावरण | राजनीतिक दलवीच भिडन्तक घटना, मतपेटी फेकल गेल। | निर्वाचनपर माओवादीके प्रभाव हावी |
| १७ | तनहुँ | उच्च | उच्च | सामान्य शान्ति | आंशिक पालन | जिम्मेवार दलसबद्वारा मतदान करबाक लेल देल स्थिति | निर्वाचनमे आंशिक अवरोध पहुँचौलापर सामान्य घायल | निर्वाचनपर नेपाली कांग्रेस, एमाले आ माओवादीक त्रिपक्षीय प्रभाव हावी |
| १८ | गोरखा | उच्च | उच्च | सामान्य शान्ति | उल्लंघन भेल | माओवादी के पक्षमे एकपक्षीय शान्तिसुरक्षा कायम रहल अवस्था | मानसिक त्रासपूर्ण अवस्थामे रहल मतदाता | निर्वाचनपर माओवादीके पूर्णरुपसँ प्रभाव हावी |

| क्र. स. | जिला | संविधान सभाके विषयमे जनचेतना (१) | मतदाताक प्रतिबद्धता (२) | मतदान केन्द्रक वातावरण (३) | आचारसंहिताक पालन (४) | शान्तिसुरक्षाक स्थितिके श्रृजना (५) | राजनीतिक हिंसा (६) | निर्वाचनक स्वरुप (७) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| १९ | स्याङजा | उच्च | उच्च | सामान्य शान्ति | उल्लंघन भेल | राजनीतिक दलसभक बीचके समझदारीसँ स्थापित शान्ति-सुरक्षा | मानसिक त्रासपूर्ण अवस्थामे रहल मतदाता | निर्वाचन पर नेपाली कांग्रेस, एमाले आ माओवादीके त्रिपक्षीय प्रभाव हावी |
| २० | कास्की | उच्च | उच्च | सामान्य शान्ति | आंशिक पालन | मानसिक त्रासक कारण स्थापित शान्ति-सुरक्षा | राजनीतिक हिंसा उल्लेख्य रुपक नहि रहल | निर्वाचन पर नेपाली कांग्रेस, एमाले आ माओवादीके त्रिपक्षीय प्रभाव हावी |
| २१ | नवलपरासी | उच्च | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | उल्लंघन भेल | सुरक्षाकर्मीके उपस्थिति सांकेतिक मात्र | निर्वाचनके दिन उल्लेख्य हिंसाके घटना नहि भेल | निर्वाचनपर मधेशवादी दलक प्रभाव हावी |
| २२ | रुपन्देही | मध्यम | मध्यम | सामान्य शान्ति | आंशिक पालन | खराब | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | सशस्त्र समुहके प्रभाव हावी भेलाल अवरोध |
| २३ | पाल्पा | उच्च | उच्च | उच्चस्तरीय व्यवस्थापन | उल्लंघन भेल | उमेदवारऊपर मनोवैज्ञानिक दबाब | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर नेपाली कांग्रेस, एमाले आ माओवादीके त्रिपक्षीय हावी |
| २४ | अर्घाखाची | मध्यम | मध्यम | सामान्य | उल्लंघन भेल | दलीय समझदारीसँ सामान्य शान्ति-सुरक्षा | राजनीतिक दलसब बीच तीव्र मुठभेड | निर्वाचन पर माओवादी आ कांग्रेसक प्रभाव हावी |
| २५ | वाग्लुङ | उच्च | उच्च | | उल्लंघन भेल | खराब | राजनीतिक कार्यकर्ता वीच हाथापाई तथा झडप | निर्वाचनपर राष्ट्रीय जनमोर्चा आ माओवादीके प्रभाव हावी |
| २६ | दांग | उच्च | उच्च | | आंशिक पालन | शान्ति सुरक्षाविहीन | दलीय झडप भए मृत्यु तक भेल | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी |
| २७ | बांके | मध्यम | मध्यम | सामान्य | उल्लंघन भेल | सुरक्षाक अनुमतिविहिन मतदाता | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी |
| २८ | सुर्खेत | उच्च | उच्च | सामान्य | उल्लंघन भेल | सुरक्षाक अनुमतिविहिन मतदाता | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी |
| २९ | जुम्ला | न्यून | न्यून | सामान्य | उल्लंघन भेल | अविश्वसनीय स्थिति,सुरक्षाकर्मी माओवादीके अगाडि मुकदर्शक रहल अवस्था | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी |

| क्र. स. | जिला | संविधान सभाके विषयमे जनचेतना (१) | मतदाताक प्रतिबद्धता (२) | मतदान केन्द्रक वातावरण (३) | आचारसंहिताक पालन (४) | शान्तिसुरक्षाक स्थितिके श्रृजना (५) | राजनीतिक हिंसा (६) | निर्वाचनक स्वरुप (७) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३० | मुगु | न्यून(चुनाव अगाडी धामीसँ पुछबाक प्राचीन परम्परा) | एक घर एक भोट नाबालकके सेहो भोट देवाक दलीय सहमती | सामान्य | उल्लंघन भेल | माओवादीके अतिरिक्त कोनो दल गाम तरफ नई जा सकल एक पक्षीय शान्ति- सुरक्षा के स्थिति | मतदानक दिन नहि भेल | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी |
| ३१ | कैलाली | मध्यम | मध्यम | | उल्लंघन भेल | राजनीतिक दलक सर्वदलीय निर्णयसँ सन्तोषजनक | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी |
| ३२ | बझाङ | न्यून | न्यून | सामान्य | उल्लंघन भेल | गाणतन्त्रक स्थापना स्थायी शान्ति आ जनाधिकारक रक्षाक महत्वकांक्षाक कारण वातावरण शान्तिपूर्ण बनल | मतदानक दिन कोनो घटना नई घटल | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी रहल अवस्था |
| ३३ | कञ्चनपुर | उच्च | उच्च | सामान्य | उल्लंघन भेल | सीमापर सेनाके उपस्थिति शान्तिसुरक्षा व्यवस्थापनमे सहयोगि | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी रहल अवस्था |
| ३४ | डडेलधुरा | न्यून | न्यून | सामान्य | आंशिक पालन | मतदाताके आंशिक शान्ति- सुरक्षाक अनुभुति | राजनीतिक दलसब बीचमे मुठभेड | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी रहल अवस्था |
| ३५ | उदयपुर | उच्च | उच्च | सामान्य | उल्लंघन भेल | सन्तोषजनक | सामान्य झडप (अशोक राईके अपहरण समेत भेल) | निर्वाचनपर माओवादीआ कांग्रेसके प्रभाव हावी रहल अवस्था |

तराईके चारि जिलामे मधेशवादी दलसभक निर्वाचनपर प्रभाव हावी रहल छल त अधिकांश जिलामे निर्वाचनपर माओवादीक प्रभाव हावी रहल छल । किछु-किछु जिलामे निर्वाचनपर नेपाली कांग्रेस, एमाले आ माओवादीक त्रिपक्षीय प्रभाव हावी रहवाक संगहि एक जिला वाग्लुङगमे मात्र राष्ट्रीय जनमोर्चा आ माओवादीके संयुक्त प्रभाव हावी रहल देखल गेल छल। आन दलक प्रतिनिधि, पर्यवेक्षक, सुरक्षाकर्मी, उमेदवार सब प्रभावशाली दलक सम्मुख नतमस्तक आ प्रभावहीन देखल गेल छल। वर्चस्वक दृष्टिकोणसँ माओवादी अग्रणी स्थानमे रहल देखल गेल छल। संविधानसभा निर्वाचनके एजेण्डा माओवादी १२ वर्षधरि संघर्ष कए स्थापित करौलक, देशभरि कार्यकर्ता सबके परिचालन कए अपना अनुकुल निर्वाचन बनएबाक लेल राजनीतिक, संवैधानिक आ कानूनी रुपमे स्थापित करएमे सफल भेल छल, मतदातालबके स्थायी शान्ति सुरक्षाके अपेक्षा छल तै माओवादीसँ परिवर्तनक अपेक्षा होएबाक कारण अधिकांश (७३%) जिलामे निर्वाचनपर माओवादीक प्रभाव हावी रहल छल। ■

# निष्कर्ष तथा सुझाव

दू-दू बेर स्थगित संविधान सभाके निर्वाचन किछु बादके घटनाके अतिरिक्त शान्तिपूर्णरूपमे सम्पन्न भेल । एकरालेल निर्वाचन आयोग, नेपाल सरकार, दलगत आ स्वतन्त्र उमेदवार सब, कार्यकर्तासब, निर्वाचन कार्यमे खटल सब स्तरक कर्मचारी, सुरक्षाकर्मी, पर्यवेक्षक, पत्रकार, विशेषज्ञ, मतदाताक सहिष्णुता, कार्यकुशलता, लगनशीलता, तत्परता मात्र सफल निर्वाचनके मूल कारण थीक । मतदान केन्द्रवेश लैम्प कारण सेहो सहजतापूर्वक यथाशिघ्र मतदान भएसकल । ई एक सबल पक्ष देखलगेल अछि ।

मतदानके अनुपातमे सुकक्षाकर्मीके खटैवाक संख्यात्मक रूपमे सेहो कम देखलगेल छल । नेकपा माओबादीके जबरदस्ती प्रति आनदलके उमेदवारसब बिना प्रतिवाद केने मौन रहवाक प्रवृतिके कारण मतदानमे खटल कर्मचारीसबके निर्वाचन कानूनद्वारा देल गेल अधिकार प्रयोग करबाक हेतु सहज वातावरण नहि बनिसकल छल । किछु मतपत्रपर मतदान अधिकृतके सही नइ रहलाई, विगतके निर्वाचनजकाँ मतपत्र बदर भेलहि, एकटा मतपत्र पर दू तीन गोटे उमेदवारके चेन्ह पर संकेत कयल देखलासँ मतदाता सचेतना कार्यक्रम प्रयाप्त रूपमे नइ भेल स्पष्ट होइछ । सप्तरीके एकटा मतदान केन्द्र(राष्ट्रीय प्रा वि) पर धम्कीके कारण स्थायी मतदाता आ उमेदवार वा प्रतिनिधि के नहि अएलास भयरहित वातावरण भेलोपर सब स्थानपर तेहन नहि भेल बुझाईछ । गैर मतदाता आ एकद्वारा दोसरके नामपर मत खसएवाक प्रवृत्ति नगण्य रूपमे भेल देखल गेल । मुदा ओहिपर प्रतिद्वन्दी उमेदवारके तरफसँ दावी विररोध नहि कएल गेल । गोरखा जिला सन पहाडी किछु जिलासबमे मतदान भेल प्रतिशतके प्रवृत्तिके देखलोपर क यथार्थताके निर्धारण निर्वाचन आयोगसँ नहि सार्वजनिक भेनाई, दुर्बल पक्ष थीक । भविष्यमे सम्पन्न होएवाला निर्वाचनसबमे दुर्बल पक्षसब पूर्णतः निर्मूल होएब जरूरी अछि ।

## ५.१ निष्कर्ष

नेपालक हरेक क्षेत्रके मतदातासब विभिन्न कारभसँ देश बाहर अछि । मतदातासूचीमे नाम भेल व्यक्ति निर्वाचनके दिन अनुपस्थित रहलोपर ओकरा नामपर दोसर व्यक्ति मतदान कएने छल । उमेदवारसबद्वारा प्रस्तुत कएल खर्चविवरण आ निर्वाचन क्षेत्रमे देखल खर्चके देखलापर विश्वास केनाई अस्वाभाविक छल । एहि प्रकारक खर्चके सम्वन्धित निर्वाचन क्षेत्रमे सार्वजनिक रूपमे सामाजिक लेखापरीक्षण होएवाक व्यवस्था भेलापर आचारसंहिताके पूर्ण पालन संगे निष्ठाके राजनीति सेहो प्रोत्साहन पावि सकैत छल । भौगोलिक विकटता, संचार, यातायातक समस्या, मौसमके प्रतिकूल आ किछु मतदातामे चेतनाक स्तर न्यून भेलोपर राजनीतिक दल तथा उमेदवारसब आचारसंहिता विपरीतके क्रियाकलाप कएने छल । निर्वाचनके दिनमे मतदान प्रक्रिया घाहरसँ देखलापर शान्तिपूर्ण रहितो अधिकांश जिलासवमे माओवादी आ क्षेत्रीय दलके प्रभावहावी

निर्वाचन सम्पन्न भेल छल । लोभ, लालच, डर, त्रास आ धम्कीसँ निर्वाचन परिणाम कतेक प्रभावित भेल छल तकर विश्लेषण करब आवश्यक अछि ।

## ५.२ सुझाव

निर्वाचनके निष्पक्षताके दृष्टिसँ देखलापर मतदान केन्द्र भीतरके स्थिति शान्त प्रकृतिके देखलोपर मतदान केन्द्रसँ बाहरके वातावरण स्वतन्त्र, निष्पक्ष भयरहित वातावरणके प्रत्ययाभूति देबाक प्रकारक नहि देखएबाक कारण अपन-अपन प्रभुत्त्व जमावएवला राजनीतिकदलसभक हैकमवादी प्रवृत्तिके अन्त भए अन्तरराष्ट्रीय मापदण्ड अनुरूप स्वतन्त्र, निष्पक्ष आ भयरहित वातावरणमे निर्वाचन होएव अत्यावश्यक अछि । एकर अतिरिक्त सम्वन्धित सभक लेल किछु सुझाव प्रस्तावस्वरूप प्रस्तुत कएल गेल अछि ।

### ५.२.१ राजनीतिक दल, उमेदवार

क. राजनीतिक दल आ उमेदवारके वेशी संयमी होएबाक चाही । आन दल वा उमेदवार के विचार, नीति तथा कार्यक्रमसाथे असहमति भेलोपर अपन प्रभुत्व रहल जगह पर आन दल वा उमेदवारसवके मतदातातक पहुँचवाक स्थिति सुरक्षित प्रकारक होएवाक चाही । अन्य दल वा उमेदबारके उमेदवारीके सेहो सहज रूपमे स्वीकार करबाक संस्कारके विकास होएवाक चाही ।

ख. मतदातासवके स्वतन्त्रता आ स्वविवेकके सम्मान करैत भयमुक्त वातावरण श्रृजना करबाक आ आचारसंहिताके अक्षरशः पालन करबाक प्रवृत्तिके विकास होएबाक चाही ।

ग. संविधानसभाके निर्वाचनके निष्पक्षता, स्वतन्त्रता आ निर्भयता नहि होएबामे ३९.७२ प्रतिशत राजनीतिक कार्यकर्त्ताद्वारा प्रचार-प्रसारके क्ममे आचारसंहिता विपरीत कार्य भेल स्वीकार कएलासँ एहि दिश बेशी ध्यन देनाई जरुरि अछि ।

घ. संविधानसभाके निर्वाचनमे अधिकृत वा राजनीतिक दलसबके प्रयासपर सर्वदलीय भैठकके आयोजन कए मतदान प्रक्रियाके सहज बनएबाक लेल अपनाओल गेल प्रक्रियाके निरन्तरता देबाक चाही ।

ङ. मतदानके क्रममे मतदातासबद्वारा औंठा छाप लगौनाई, बेशी स्थानपर छाप लगौनाई, मोडलापर मैस रगडाएल, उमेर नहि पहुँचल व्यक्तिके मतदान केनाई, मरल तथा विदेशमे रहल मतदाताके नामपर सेहो मत खसबाक कारण एहि सम्वन्धमे राजनीतिक दलसबके वेशी सतर्क होएव जरूरी देखल गेल अछि ।

च. मतदान आ मतगणनाके क्रममे राजनीतिक दलके प्रतिनिधिसवके वेशी सक्रियता अपनएबाक चाही ।

### ५.२.२ निर्वाचन आयोग

क. सरकारी विद्यालयके शिक्षक, गैरसरकारी संस्थाके प्रतिनिधि तथा कर्मचारीके निर्वाचनमे नहि खटएबाक चाही ।

ख. सरकारी विश्वविद्यालयके स्थायी उपप्रध्यापकके निर्वाचनमे खटाएव उपयुक्त देखल गेल अछि ।

ग. निर्वाचनके सब चरणमे आचारसंहिता उल्लंघन करएवाला उमेदवार वा सम्बद्ध पक्ष ऊपर प्रचलित कानून अनुसार कारबाई होएबाक चाही ।

घ. ईस पहिनेके निर्वाचनमे परिचयपत्र अनिवार्य कएलापर प्रोक्सी भोटके प्रतिशत बहुत कम छल मुदा अई बेर तकर पालन नहि करबाक कारण कोनो व्यक्ति द्वारा मतदान केनाई आ राजनीतिक दलके प्रतिनिधिसब द्वारा अपन-अपन मतदाताके पठएबाक काजमे होडबाजी प्राय पओने छल । आगामी निर्वाचनसबमे आयोगके परिचयपत्र अनिवार्य कए देवाक चाही ।

ङ. मतदान केन्द्रके व्यवस्थापनमे सुधार देखलोपर राजनीतिक दल आ मतदाताके सुविधा अनुकूल स्थानपर एखनोधरि मतदान केन्द्र नहि राखि अपायक स्थानपर आ एक्के केन्द्रमे बहुतो उपकेन्द्र बनाओल गेल छल, ताहि सम्वन्धमे भविष्यमे ध्यान देबाक चाही ।

च. बियुतीय मतदान मशीनके प्रयोग बेशी प्रभावकारी देखल गेल छल तैं भविष्यमे एकर प्रयोगमे बृद्धि होएबाक चाही ।

छ. किछु स्थान पर एखनोधरि मतदान केन्द्र के कठिन आ असहज स्थानपर राखल गेल छल, भविष्यमे ताहिपर ध्यान देबाक चाही ।

ज. निर्वाचनमे उमेदबारसब द्वारा प्रस्तुत कएल खर्च विवरणके स्थानीय स्तरेपर सार्वजनिक लेखापरीक्षण होएबाक व्यवस्था होएबाक चाही ।

झ. राष्ट्रीय आ जिला पर्यवेक्षकमे कम-स-कम स्थानक होएबाक चाही ।

ञ. निर्वाचन आयोगके राष्ट्रीय तथा अन्तरराष्ट्रीय पर्यवेक्षकके पर्यवेक्षणलेल अनुमति प्रदान करएमे बेशी उदारता देखौने छल । राष्ट्रीय पर्यवेक्षकमे करीब एक सय पचास संस्थासबके पर्यवेक्षण करबाक अनुमति प्रदान करैत काल कोनो मापदण्ड नहि निर्धारण कएने छल । जाहि कारणसँ निर्वाचनके दिन व्यवस्थापन असहज आ आचारसंहिताके सेहो पालन नहि भेल देखल गेल छल । भविष्यमे होएवला निर्वाचनके पर्यवेक्षणके लेल अई निर्वाचनमे सक्रिय आ स्वतन्त्र भूमिका निर्वाह करएवला पर्यवेक्षण सञ्जालसँ परामर्श कए निर्धारित होएबला मापदण्डके आधारपर पर्यवेक्षण करबाक लेल अनुमति देबाक व्यवस्था होएबाक चाही ।

### ५.२.३ राज्य

क. शान्तिसुरक्षाके स्थापना प्रहरी आ सुरक्षा निकायके परिचालन मात्रसँ नहि भए सहैछ, ओहिके लेल राजनीतिक, आर्थिक, सामाजिक आ नैतिक बातसभक संगहि सुरक्षाके बृहद् अबधारणाके दृष्टिकोणसँ सेहो देखबाक चाही । विकास मात्र सुरक्षाक प्रत्याभूति अछि ताहि बृहद् दृष्टिकोणके अपनाकए सुरक्षा स्थापना करबाक चाही ।

ख. आगामी निर्वाचनमे सुरक्षा निकायके व्यक्तिसबके क्षमता अभिबृद्धि करबाक चाही ।

ग. सर्वकालीन सुरक्षा मात्र निर्वाचन सुरक्षाके पूर्वाधार होएबाक कारण सरकार आ निर्वाचन आयोगके एहि दिश प्रयाश करब अनिवार्य अछि । सुरक्षा निकाय कोनो दल वा उमेदवार विशेषके प्रभावमे नहि रहबाक चाही ।

घ. दी प्रहरी नियुक्ति करैतकाल भू पू प्रहरी आ सैनिकसबके प्रयोग करब उपयुक्त भए सकैछ ।

ङ. मतदाता नामाबली अद्यावधिक करैत काल आ खासकए नया नामावली समावेश करैतकाल उमेर स्पष्ट होएवला तीनपुस्ते लिखित प्रमाण देखकए तैयार करबाक चाही ।

च. निर्वाचन सम्पन्न भेलापर सुरक्षा निकायके बुझाओल निर्वाचन परिणामके बक्सा किछु स्थानपर सुरक्षा नहि दए सकबाक कारण सेहो पुनः निर्वाचन करबाक अवस्था देखल गेल छल तैं राज्यके ओहि दिश ध्यान देबाक चाही ।

छ. निर्वाचनमे खटाओल तथा खटल पर्यवेक्षक, कर्मचारी, निर्वाचन अधिकृत मतदान करबाक अधिकारसँ वञ्चित भेल देखबाक कारण ओकरो सबके लेल मतदान करबाक विशेष व्यवस्था करबाक चाही ।

### ५.२.४ नागरिक समाज

नागरिकसमाजके निरन्तर स्वतन्त्र, निष्पक्ष आ भय रहित वातावरणमे निर्वाचन सम्पन्न करएबाक लेल राज्य, रजानीतिक दल, उमेदबार, निर्वाचनसँ सम्बन्धित निकायसबके निर्वाचनके समयमे घचघचात रहबाक चाही । नागरिक समाजके कोनो दलके भ्रातृसंगठन जकाँ नहि होएबाक चाही । परोक्ष वा अपरोक्ष रूपमे नागरिक समाजके क्रियाकलापसँ कोनो रजानीतिक दलके मात्र सहयोग पहुँचे, तेहन नहि होएबाक चाही ।

### ५.३.५ सञ्चारजगत्

क. तंथ्यपरक समाचार सम्प्रेषण करैतकाल लक्षित वर्ग, जेनाः-मधेशी, आदिवासी, जनजाति, दुर्गम आ दलितसबके लेल भयमुक्त वातावरण श्रृजना करबाक चाही । भय, त्राश आ आशाके अपेक्षा करएवला मतदातासभक समस्या उजागर करबाक लेल प्रयत्नशील रहबाक चाही । एकर समग्र सामाजिक विकास प्रक्रियाके रूपमे देखबाक चाही ।

ख. सञ्चारजगतके समाजक प्रत्यक पक्ष आ नागरिकसबमे व्याप्त अदृश्य त्राशके निराकरण करबाक लेल निरन्तर प्राथमिकता देबाक चाही ।

### ५.२.६ पर्यवेक्षण संस्था आ पर्यवेक्षक

संविधानसभाके निर्वाचनमे करीब ६० हजार पर्यवेक्षकसब सम्पूर्ण मतदान केन्द्र, उपकेन्द्रमे पर्यवेक्षण करबाक अवसर प्राप्त कएने छल, जाहिमे विशेष दक्षसँ सामान्य स्तर तकके आ

सामान्य लेखापढी करएवलासँ प्राध्यापक, पूर्व सचिव राजदूतसभक सेहो सहभागिता देखल गेल छल । मुदा पर्यवेक्षकसबद्वारा पालन करएवला न्यूनतम आचारसंहिताके सेहो पालन नहि होएबाक किछु उदाहरण देखबाक कारण किछु कमजोरी देखल गेल छल । एकरा लेल शैक्षिक योग्यता, उमेर आ अनुभवके आधारपर आचारसंहिता निर्धारित कएलोपर लागू नहि भए पओनाई आ आचारसंहिता पालन करएबाक लेल निर्वाचन आयोग सक्रिय रहितो पूर्ण सबल होइत नहि देखल गेल छल । भविष्यमे निर्वाचन पर्यवेक्षकसभक सम्बन्धमे निम्न विषयपर ध्यान देव उचित देखल गेल अछि:-

क. राष्ट्रीय आ जिला स्तरके पर्यवेक्षकके उमरे कम-स-कम २५ वर्ष आ न्यूनतम शैक्षिक योग्यता स्नातक होएबाक चाही ।

ख. स्थानीय स्तरके पर्यवेक्षकके उमेर कम-स-कम २० वर्ष आ शैक्षक योग्यता एस एल सी होएबाक चाही ।

ग. पेशागत संघसंस्थासवके आ राजनीतिक दलके कार्यकर्तासबके पर्यवेक्षण कार्यमे पूर्णरूपसँ निषेध करबाक चाही ।

घ. पर्यवेक्षण करएवला व्यक्ति, संस्था आ सञ्जालके मापदण्ड निर्धारित रूपमे होएबाक चाही । ■

# आमनिर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल

## केन्द्रीय सचिवालय



श्री विकास घिमिरे
कार्यक्रम संयोजक




श्री सुजन लोप्चन
कार्यक्रम अधिकृत



श्री सुभाष पौडेल
कार्यक्रम अधिकृत



श्री गणेशमान प्रधान
लेखा अधिकृत



श्री भवानी कायस्थ
कम्प्यूटर अपरेटर




आम निर्वाचन पर्यवेक्षण समिति, नेपाल
GENERAL ELECTION OBSERVATION COMMITTEE, NEPAL (GEOC)

सचिवालय
नेपाल कानून समाज
पोस्ट बक्स नं. १३२११ अनामनगर, काठमाडौं
टेलिफोन: ४२६६८३५, फ्याक्स: ४२२८४९७
इमेल: geoc@mos.com.np
इमेल: nls@wlink.com.np